

MINAMATO YEMAZUVA ESE
CHIPOROFTA CHANHASI CHEKUTAUURA

CHINYORWA

3

Chikunguru - Nyamavhuvhu - Gunyana

2025

NhauDzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA
IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA
NEVATAKABATANA NAWO SAKA
RINO GONA KUGOVERWA MAHARA

SEMUVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAUDZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL

UEBERT NA BEBE ANGEL



Neruzivo rwakakura murushumiro rwenguva yakazara, Uebert naBeBe Angel vabuda semazwi akakurumbira mukugovera Mashoko Akanaka enyasha dzaMwari (Euangelion) uye kufambisira mberi hushumiro hwechiporofita pasi rese. Sevanyori vanotengesa zvakananya vemabhuku ane simba akadai seHondo Yemweya, Mabhangi Ekukumbira, Simba rePamusoro peMutendi, Hupenyu Hunotungamirirwa Nyenasha, uye Bhuku Rekunamata reMashoko Akanaka eZuva Nezuva, vakapa mipiro yakakurumbira kumabhuku echiKristu.

Vanozivikanwa nekuda kwechiratidzo chavo, hunyanzvi, nehutungamiriri hune simba, Uebert naBeBe Angel vanotsvakwa zvakananya sevakurukuri vemusangano. Semapiona epasi rese uye vatungamiriri vechechi yeMashoko Akanaka (Spirit Embassy) uye vane chinzvimbo cheMuporofita, vave nesimba guru muhupenyu hwemamiriyoni pasi rese, vachitungamirirwa nekuzvipira kwavo kusingazununguki pakuparidza zvakazarurwa zveMashoko Akanaka nesimba rinoshandura renyasha dzaMwari (Euangelion).

NEZVE BHUKU REKUNAMATA RENHAU DZAKANAKA ZUVA NEZUVA

Bhuku rekunamata renhau dzakanaka Zuva Nezuva ibhuku rechiKristu rinoremekedzwa zvikuru iro rakanyorwa zvakanatsorongwa kuti riwedzere kukura mumweya zuva rega rega regore. Rinopa ruzivo rwakadzama, zvakazarurwa zvine simba, uye zvakataurwa zvechiporofita zvezuva nezuva zvinangwa kutungamira vaverengi kurarama hupenyu hwakatarisana naKristu, hwakadzika midzi mune zvakadzidziswa uye zvakazarurwa zveMuporofita Uebert Angel. Rinobudiswa mwaka ina yega yega pagore, bhuku rekunamata iri rine mukurumbira nekubata kwaro pasi rose, rinowanikwa mahara mumitauro yakawanda kuti rikunde zvimhingamupinyi, uye kuona kuti shoko raro rinochinja hupenyu nekuwanikwa kune munhu wese pasi rese.



CHIKUNGURU1 (CHIPIRI)

SIMBA RINOSHAMISA

Ruka 22:43 (KJV)

“Uye kwakabuda ngirozi ichibva kudenga, ikamusimbisa.”

Shoko ranhasi ririkubva pausiku hwepakandukirwa kwalshe Jesu, usiku humwe chete hwavakakumbira kuti mukombe ubviswe kwavari uye vakakumbira Petro, Jakobho, naJohani kuti vanamate navo muma awa mashoma avo ekuguma.

Nyatsodzamisa pfungwa uone kuti, nemaomero anga akaita musi uyu zvavainzwa asi vaiti panguva yavaidzoka kuzotarisa varume vatatu vavainge vakumbira kubatsirwa neminamoto, vaiwana vose vakarara hope. Ndokunonzi kuodzwa moyo uku.

Vangani varikunzwa kushaya rubatsiro ivo vachinzwa kupererwa zvakanyanyisa? Ishe wedu Jesu Kristu akatopindawo munguva yakadaro. Paakashaiwa munhu wekumira naye munguva yake yaainyanyisa kuda rubatsiro zvakanyanya, Mwari vakamupa rubatsiro zvisiri zvepanyama. Shoko rinoti akasimbiswa nengirozi. Akava nemasimba matsva, akatsiva pakushaikwa kwerubatsiro kubva kuvadzidzi vake vatatu vaiva pedyo pedyo naye.

Ungava unonzwa kuneta uye kupera simba, asi kune simba zhinji rakakurisa raurikuvigirwa nengirozi izvozvi. Tarisira kusimbiswa uku kunobva kudenga pazvose zvaunoita nhasi. Kana wakasimbiswa nesimba irori, hapana kana chinomira munzira mako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazadzwa nesimba rinobva kudenga; hapana chipingaidzo chandisingagone kutsemura, hapana pakakwirira pandisingakwanise kukunda, hapana gomo randisingakwire, hapana mujaho wandisingamhanyi, uye hapana chinomira munzira yekubudirira kwangu, muzita raJesu!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaFiripi 4:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Wap. sarema 79-82

03

www.goodnewsdailydevotional.com

Good News
DAILY



CHIKUNGURU 2 (CHITATU)

KUZVIDZORA

VaGaratiya 5:22–23 (KJV)

“...Chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, moyo murefu, unyoro, kunaka, kutenda, kuzvinipisa, kuzvidzora.”

Semumiriri wedenga panyika akazara nemweya waMwari, unotarisa zvbereko inotaurwa mundima iyi yanhasi kuti iberekwe muupenyu hwako. Nhasi, ndoda tinyanyo tarisisa chibereko chekuzvidzora. Shoko iri muchiGiriki rinonzi, *egkrateia*, zvichireva kuva nesimba pamusoro uye kuva pamusoro uye zvichitaridza mufananidzo wemunhu anesimba rakakwana pakusarudza zvaanoda iye nezvaanonzwa. Nemamwe mazwi, munhu anigona kuzvibata kubva mukati. Izvi zvinogoreva kuzvibata uye kuzvidzikamisa pachako.

Ndakasangana nevanhu vanotambudzika kuzvibata mune zvinhu zvakawanda, kusanganisira nemukufambisa mari dzavo. Vamwe vanotenga nechikwereti zvinhu zvasingazokwanise kubhadhara, kuterera nyama yavo, iyo yagara inoda kudya zvisingadzoreke. Ndinogaro taura kuti kana usingagone kutenga chinhu kaviri, gara warega kutochitenga kunyangwe pekutotanga pachoko. Kune vatendi vari pakutiza izvozvi nekuda kwekuti vakangotadza kuzvibata. Mweya mutsvene unogara aripo kukubatsira kubereka chibereko ichi muuwandu chinonzi kuzvibata, Mupe mukana akutungamire uchidzidza kudzikama uye kuzvibata mune zvose zveupenyu hwako kubva nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kudzikama uye kuzvidzora zvirimo muropa rangu, nekuti ndakaberekwa neMweya waMwari. Handife ndakazombokundikana kuzvibata kana kuzvidzora panzvimbo dzose dzeupenyu hwangu nekuti kuzvibata kurikukura zvakananyanya zuva rega rega mukati mangu, muzita raJesu. Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Zvirevo 25:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 83–86

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 3 (CHINA)

WAKAGADZIRIRA HERE KUVAWO PAKUBUTWA KWEKEREKE NAKRISTU

1 VaTesaronika 4:15 (KJV)

“...Isu tichiripo, tichisara kusvikira pakuuya kwaShe, hatingatongeri vanorara.”

Ngatinzverei shoko rokuti “vapenyu” riri murugwaro rwedu rwanhasi. Muchigiriki apa rinonzi zao zvichireva simba, kushanda, kuzara nesimba. Saka apa hapasi kutaurwa zvekuti urimupenyu badzi, zvekuti hauna kufa. Hupenyu hwakadzika. Zvinotipa kamaonero kekuti tingagadzirira sei kuvawo pakubvutwa kwekereke naShe.

Tarira, iva neudzamu mukufamba kwako nalshe, urimutsva uye wakasimba, wakazara neupenyu nemufaro. Ndeuyo mukristu anoita zvinobatika muumambo hwaMwari anova achabvutwa pakubvutwa kwekereke, kwete uyo anouya kukereke zvekunyengedza. Saka zvibvunze mubvunzo, chinamoto chako chineuneudzamu hwakadii uye chinobatsira zvakadii? Kuuya mukereke zviri nyore uye munhu wese anogona kungozviita. Asi kuzatora zvawadzidza kuenda nazvo kunzira nedzimwe nzvimbo kuzvishandisa kune avo vakakukomberedza, uchifamba nesimba nekukunda, uchishanda nemazvo uye nemufaro usina kunetera basa, ndizvo zvinokusiyana nevamwe, pakugadzirira kubvutwa.

Wakagadzirira zvakadii?

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, ndinofamba rwendo rwangu rwekutenda nomazvo, nomufaro, uye nokukunda. Kristu arimandiri achabuda pachena zvokuti vachandiona vachamuona iye! Hareruya!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 12:11–13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 87:1–89:37

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 4 (CHISHANU)

RUSUNUNGUKO KUBVA MUKUNYADZISWA

VaHebheru 12:2 (KJV)

“Tichitarira Jesu... wakatsungirira muchinjikwa, asingarevi kunyadziswa...”

Ngatinyatso nzvera chikamu chechipiri chegwaro redu ranhasi, kushingirira kwakaita ishe wedu Jesu Kristu pamuchinjikwa vakanyadzisa kunyadziswa kwanga kwauya nemuchinjikwa. Shoko rokuti shame rinonzi, aischune muchigiriki, richireva kunyadziswa, kusakudzwa, chinhu chinoshoresa uye kusvodeswa. Nekushandiswa kwe shoko irori, muApostora Paulo vanotipa muono wezvakasangana nazvo nalshe wedu musi uyu. Nyatso funga kurohwa zvakanyanyisa, kuroverwa pamuchinjikwa, nekuzo kukururwa zvipfeko zvose kuti munhu wese aone. Izvozvo zvingaitawo kuti iwe unzwe sei zvichiitika pauri. Kunyangwe zvatakaratidzwa tichikura zvichiita sekunge ainge akasungirirwa mucheka muchiuo kuvhara nhengo, asika, hachisicho chokwadi. Nhorooondo inotaridza kuti mauto echiRoma vaisakoshesa kuvhara sikarudzi yemunhu rume.

Ishe wedu akasangana nekunyadziswa kwakapfurikidza musi uyu. Haana kungatora zvirwere paari chetemusi uyu, akatora kunyadziswa zvakare kuitira kuti usazombonyadziswa iwewe muupenyu hwako. Ndechipi chinyadziso chawakabatirira pachiri nhasi uno? Ishe wedu Jesu Kristu akazvidza kunyadziswa kwaakasangana nako kuitira kuti iwewe usanyadziswa. Usabatirira, rega zviende.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handichazo shungurudzwa nezvinonyadzisa zvapakfuura zveupenyu hwangu. Ishe wangu Jesu Kristu akandisunungura kubva mukunyadziswa kose kuti ndirame upenyu husina kusungwa. Ndinotenda Ishe wangu NDAKASUNUNGURWA!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 10:11

365 DAY BIBLE READING CHALLENGE

Mapisarema 89:38–91:13

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 5 (MUGOVERA)

SEI MUNYENGETERO WANGU UCHINONOKA?

VaKorose 4:2 (KJV)

“Rambarai muchinyengetera, muchirindira munezvokuvonga.”

Makore ose ndiri muushumiri, handingakwanise kukuudza kuti vanhu vangani vanobvunza mibvunzo inobukira pachinhu chimwe chete, chinova kuramba uchinamata asi pasina mhinduro. Mumwe murume akatozoenderera mberi kusvika pachidanho chekutozondibvunza kana paine chimwe chakavanzika chinoita kuti mhinduro dziuye nekukasika. Regai nditsanangure gwaro riripamusoro kuitira munyatso nzwisisa.

Shoko rechigiriki rokuti proskartereo, zvichireva kuramba uchisimbirira zvakasimba pane zvaunoda, kana kurerekera mberi, woramba uchishingirira. Vachishandisa izwi iri, Mu Apostora Paulo vanotiudza kuti tirambe takatsungirira mumunamato, kutsimbirira pamweya, pasinazve kuramwa. Vanoenderera mber zvakare vachiti pamusoro pekutsungirira ikoko, wedzerera nekupa kutenda. Zvichiitirwei? Vaizviziva kuti ukagara wangova nemufungo wakadai paminamato yako, kukunda kwako hakumisike.

Madzikoma angu nehanzvadzi, panedzimwe nguva mhinduro kuminamato inotora nguva refu. Kunyanyisa munamato uyu uri chawakanyatso donongodza, unofanirwa kuramba wakatsimbirira pachinangwa ichocho kunyangwe uchiri wakamirira. Usagumira munzira pane chawanga uchinamatira, Ramba wakatsimbirira zvinesimba pachiri wobva wapa Mwari kutenda uchiri pachiri, NGETANI DZIRIKUDAMBUKA!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handife ndakarega kunyengetera. Kubva nhasi, ndichasimbirira pachinangwa changu mumunamato sezvandisina kumbobvira ndaita. Kukunda kwangu kwavepo. Ndinotenda Ishe wangu Mwari samasimba ose. Amen!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 VaTesarika 5:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 91:14–94:16

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 6 (SVONDO)

CHIBATIDZO CHEKUTENDA KWAKO CHAKATUNGIDZIKA?

Mako 9:23 (KJV)

“Jesu akati... Kana uchikwanisa kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka kumunhu anotenda.”

Tisati tasvika mugore ra1983, kuchaya runhare nembozha nhare isina tambo zvaisafungika zvachose. Zvakachinja izvi Motorola payakauyisa DynaTAC 8000x, mbozha nhare yekutanga isina tambo. Pakuguma, vanhu vainge vokwanisawo kufona vachifamba havo vasina kugara pasi zuva rose padivi nembozha nhare vakamirira nhare yakakosha yaizofonewa. Kusvika ipapo, pfungwa dzainge dzakafukidze nemuono wekuti nhare yaingochaiwa kuburikidza nembozha nhare inotambo badzi.

Nhasi kana uchishandisa zvakare semuKristu, ichokwadi kuti upenyu hwako haugoni kubata zvimwe zvinhu nekuda kwekuvharika pakuita nekunzwisisisa vamwe, uye ndicho chinhu chaunofanirwa kurwisa. Ramba kuona mamwe mamiriro ezvinhu seasina chimuko nekuda kwekukundikana kweupfumi hwenyika, kana kuti tsamba yabva kuna chiremba. Hakuna bhizimusi rausingakwanise kutanga, hakuna chirwere chisingarapike, kwete kana chibatidzo chako chekutenda kana chakatungidzika.

Usagamuchira chero mamiriro api ezvinhu sekuti haachagadzirika. Unochinja chero chinhu nekuisa kutenda kwako papasa, nekubvarura zviyandhi zvese zviripamusoro pako zvinoedza kutaridza kuti ndopaunogumira apa. Rangarira unokwanisa kuita chero chinhu zvachose nekuda kwaKristu anokusimbisa

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinobakidza chibatidzo chekutenda kwangu kushandisa simba rose kubva nhasi! Handichazo isirwa muganhu nekufunga nezvevamwe, ndine pfungwa dzaKristu mandiri, uye naizvozvo, ndinokunda zuva nezuva muzita raJesu! Amen!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Johani 14:12–14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 94:17–98:3

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 7 (MUVHURA)

SHUMIRA ISHE

Mabasa 13:1–2 (KJV)

“...Vaporofita navadzidzisi... vachishumira Ishe, nokutsanya, Mweya Mutsvene akati...”

Wakambonyatsofunga zvazvinoreva here kushumira Ishe? Gwaro riripamusoro apo rinotaura nezve vaporofita nevadzidzisi vakaita zvimwe chetezvo, asika, zvinonyatso mboreva chii. Zvirinyore asi zvakakoshesa mukukura kwedu pachinamato. Regai nsdikutaridzei.

Kushumira Mwari chinhu chunoitwa sechinangwa, kwete mahwekwe. Unofanirwa kunyatsoronga nekuisa nguva padivi yekushumira Mwari. Kutanga, simbirira kutarisa kwako kwese kwaari mukunamata, dzima chivhitivhiti, mbozha nhare, musuwo ngauvharwe, wobva wangosara uri iwe na Mwari mbune. Ibva wataura manzwi ekumurumbidza kubva mumweya wako, manzwi ekumusumudzira saMwari, manzwi ekumunamata nekumutenda. Muudze chauri kumupira rumbidzo. Muudze kunaka kwake, rudo rwake, nemutsa wake, ipa zvinobatika parumbidzo yako yauri kupa kwaari. Ishe vanodavira kwauri kana ukamushumira nenzira iyoyi. Iva nenguva idzodzi dzakatotarwa nguva nenguva, wotarisira simba rekudambura ngetani kuindisa upenyu hwako kwakanaka.

CHIREVO CHEUFANANIDZO

Ndinotenda Ishe nekundipa ropafadzo yekukushumirai, zvinova zvandichagara ndichiita nguva nenguva. Mweya wangu unofara ndichisimudzira zita renyu kubvira nhasi nekusingaperi. Ndinokudai Ishe wangu Mwari samasimba ose.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaHebheru 13:15

365 DAY BIBLE READING CHALLENGE

Mapisarema 98:4–102:7

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 8 (CHIPIRI)

RUDO URWU

Johani 15:13 (KJV)

“Hakuna rudo rwukuru kupfuura urwu, kuti munhu ape upenyu hwake nokuda kweushamwari hwake.”

Rugwaro rwedu rwanhasi rwunotaridza chimwe chinhu chisina kujairika pana Ishe wedu Jesu. Akazvipira kupedza upenyu hwake nekuda kwedu. Hakuna muporofita, mufudzi kana mudzidzisi akamboita zvakadai kubvira nakubvira. Anga asiri wekutanga kurovererwa, asi ainge ari wekutanga kurevererwa kwete nekuda kwake asi pachinzvimbo chevamwe vanhu.

Akazvipira hupenyu hwake kuurawa mahara. Aikwanisa dai akada kungozvisunungura kune vainge vakamubata kuti vamuuraye. Aitove nesimba racho, asi akasarudza kuenda kumuchinjikwa kunofira vatadzi.

Zvose zvakaitwa nalshe, kwaiva kuda kwerudo rwake kwauri iwewe neni. Chinangwa chekuzvarwa, kurarama, kufa, nekumuka zvakare kuva mupenyu, kwaiva kuti tive neupenyu hwakazara uye nemufaro wakazara muupenyu (Johani 10:10). Ndiani panyika ino angava nerudo rwakadai? Mhinduro inogoti hapana. Nhasi dzamisa pfungwa dzako parudo rukuru rwemhando iyi rwakaitirwa munhu. Mupe kutenda nekumurumbidza nekuda kwekuzvipira kufa kugumisa upenyu hwake kuti tive nemufaro mune hwedu hupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita hupenyu hwakazara. Hwakazara mufaro, rugare, hupfumi, rudo naose maropafadzo makuru anouya nekusunungurwa kwangu. Ndinodihwa naMwari, moyo wangu unozviziva!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Johani 3:16

MAWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 102:8–104:4

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 9 (CHITATU)

BASA REUSHUMIRI

VaEfeso 4:11–12 (KJV)

“...Vamwevaaaaposotori, vamwe vaporofita, vamwevaEvhangeri, vamwevafudzi, vamwe vadzidzisi; kuti vatsveneswe, nokuda kwebasa reUshumiri...”

Unogona kunge uri wezvematongerwo enyika kana chiremba, kana mutambi wemumwe yemitambo, zvinova zvinhu zvakanaka. Asi kunyangwe rudano rwako rwukuru, uye basa rako guru muupenyu kushumira. Zvimwe zvinhu zvese zvinozotevera hazvo. Tarisa nekuda kwei Mwari vakapa mapoka mashanu ehushumiri sezvipo kukereke, kunatsurudza vatendi, kuitira basa rehushumiri. Zvichireva chero nzira yawasarudzo kuinda nayo muupenyu hwako, unongoda kunatsurudzwa kuitira basa rehushumiri nekuinda kukereke nekudzidziswa. Hakuna basa raunoita risingagone kusimudzira basa rehumambo hwaMwari.

Saka nhasi, enda kubasa kwako kwaunoshanda, kukoreji, ku yunivhesiti, kunhandare kaunodzidza mitambo yako, nakose kwaunosvikira nenzira dzakasiyana, unodurira maropafadzo edenga ari mukati mako. Pupura kuna avo vari pedyo newe uvataridze rudo rwaMwari. Uchashamiswa nenemutsindo wauchava nawo nekuita izvozvi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Sezvandinoina munzvimbo dzandinotonga, ndichataridzira rudo rwaMwari kuna vose vandichasangana navo. Basa rehushumiri ndiro basa rangu rokutanga, uye ndichariita kunyangwe nemoto wakawedzerwa nhasi muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 Petro 4:10–11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 104:5–105:24

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 10 (CHINA)

SIMBA ROKUPORESA

Ruka 5:17 (KJV)

“...Simba raShe rakanga riripo kuti vaponeswe.”

Rugwaro rwanhasi runotsangura rimwe zuva Jesu paanodzidzisa shoko, uye mweya waMwari wekuporesa wakange uripo. Mweya mutsvene wakazadza kamuri yose nesimba rekuporesa, sezvaakaita muushumiri hwese hwaJesu Kristu, kumutsa vakafa, kusvunudza mapofu, nekuchenesa vanemaperebudzi.

Ikozvino tikamanyisa nguva kutarisa parinhasi, mweya mumwe chetewo wakaunza simba rekuporesa kuna Jesu, mupenyu uye uri mauri. Ikozvino muviri wako zvawava imba inogara mweya mutsvene, hakuna kurwara kana denda rinofanirwa kugara mumuviri mumwe chetewo, ramba kuchengeta mugari asingadihwe uyu.

Isa ruoko rwako pane dambudziko pose pamuviri wako izvozvi wotaura zvinesimba, ndinoramba kutakura chirwere mumuviri mangu. Ndinoraira urwere ihwohwo hufe uye hubude mandiri nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya Mutsvene ari mandiri, zvinoreva kuporeswa mandiri. Ndakatakura chitakuri chesimba rekuporesa mukati mangu. Ndinotaura hutaño hwedenga mumazuva ose eupenyu hwangu, uye mukuguma, mhuri yangu neni wacho hatizomboshanyira pamukova wachiremba muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 8:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 105:25–106:33

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 11 (CHISHANU)

HAASI KUNONOKA, ARI MUNGUVA CHAIYO YAKAFANIRA

Johani 11:39 (KJV)

“Jesu akati, ‘Bvisai ibwe.’ Marita, hanzvadzi yomufi, ikati, ‘Ishe, wave kunhuhwa, nekuti wave nemazuva mana...”

Kumutswa kwaRazaro hakutaridze simba chete, asi kunotaridzawo mufungo yevatendi vakawanda muzuva ranhasi. Kunyangwe Marita aitenda kusimba raMwari, akachema kuna Jesu kuti vainge vakanonoka. Magwaro anotaura kuti mazuva mashoma ainge apfuura, Marita anozivisa Ishe Jesu nezvekurwara kwaiita mukoma mukoma wake, saka nekuda kwei asina kumanyira kwavari? Sei akanonoka?

Mhinduro yakapfava, Jesu haana kunonoka, aiva panguva chaiyo chaiyo. Muchivanhu chechiJudha, zvinotendwa kuti mweya wemunhu unoramba urimaari kwemazuva matatu kana iye afa. Kumirira kusvika zuva rechina, Jesu aida kuti zvibude pachena kuti Razaro ainge afa zvema chokwadi uye kumumutsa rainge riri simba raMwari pachake zvema chokwadi.

Vatendi vazhinji vakachengetera Mwari zvigumbu nekuda kwemufungo wekuti Mwari vanonoka muupenyu hwavo, kuri kutadza kunzwisisa kuti Mwari vanenge vane hurongwa hukuru. Ndiye murongi mukuru wezvinoshamisa. Kunyangwe mamiriro ezvinhu akaita sei, anounza hupenyu, uye nenguva yakafanira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

MWARI ARI MUNGUVA CHAIYO YAKAFANIRA! Ndinomushumira Mwari anova murongi mukuru wezvinoshamisa. Arikuunza upenyu hutsva panzvimbo dzose dzeupenyu hwangu nhasi. Amenii.]

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 8:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 106:34–107:38

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 12 (MUGOVERA)

UNOGONA KUURAYA CHINANGWA CHAKO

VaGaratiya 1:15 (KJV)

“Asi Mwari, wakanditsaura kubva mudumbu ramai vangu, akandidanira nyasha dzake...”

Shoko raMwari rinokupa simba rekufamba muchinangwa chawakasikirwa naMwari, asi sarudzo yekuzvizardzisa iri mumaoko ako. Ibaso riri mumaoko ako kudavira kudana kwaMwari pamusoro peupenyu hwako kana kuregedza. Unogona kuuraya kudana kwaMwari kuri paupenyu hwako ukasarudza kurarama zvinopikisana nekunaka kunotarisirwa naMwari pauri. Pmuenzaniso, ukasarudza kurarama hupeenyu hwepakati nepakati pahupfumi, unouraya hurongwa hwaMwari hwekuti uve iwe mufambisi webasa rake kuburikidza neupfumi. Rangarira, chiono chake pauri ndeche zvakanakira iwe uye cherumbidzo yake.

Gwaro riri pamusoro apo rinotaridza kuti Mwari vakakusanangura kubva usati watombosikwa mudumbu raamai vako. Saka paunogamuchira hupeenyu hwakajairika hwekungorwara nekutambudzika, urikusarudza kusazadzisa chinangwa chako muna Kristu. Sarudza kuva muKristu anorarama hupeenyu hunowanikwa zvazazara muna Kristu, uchiita zvaakakuisira pano panyika

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndisati ndatombofema kekutanga panyika, MWARI AKANDISARUDZA. Ndichazadzisa kudana kwaakaisa paupenyu hwangu, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Jeremiya 29:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 107:39–109:31

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 13 (SVONDO)

ZVISINEI NEMAMIRIRO EZVINHU

1 VaKorinde 10:13 (NIV)

“Hakuna kuyedzwa kwamunenge masangana nako kunopfura kwemunhu wose. Mwari akarurama, haakutenderi kuti muedzwe kupfuura zvaunogona... anopawo nzira.”

Ziva kuti, Jesu hakisiko kuguma kwematambudziko ako, asi ndiyo tariro uye mhinduro paari. Zvisinei nekuti uri ani, matambudziko anotombotarisiwa pane imwe nguva yeupenyu hwako, asi matambire sechidanho chekutsika uchisimikira muupenyu. Haatombokwanise kukuparadza kusara kwekuti wamabvumidza iwe pachako. Gwaro ranhasi rinosimbisa kuti kunyangwe huremu hwakaita mamiriro ezvinhu awakatarisana nawo, Mwari vanotoziva kuti wakatakura simba rekukunda mauri.

Kuzvarwa patsva zvinodudza kugamuchira upenyu nehunhu hwaMwari mumweya wako. Naizvozvo, nekuda kwekuti vazhinji vanoshaya zivo yakakwana yekuti vambori vanani mun a kristu, vanogara vakakundwa pamatambudziko ose anouya paupenyu hwavo. Semwana waMwari, kushandisa kwaunoita shoko rake pakurarama ndizvo zvinokupa simba rekukurira chero mamiriro api ezvinhu aunosangana nawo. Ramba kuva akashoreka (asina tariro/asina mubatsiri) kana nguva dzekuoma kweupenyu dzakuwira. Pachinzvimbo chaizvozvo, ibva wanyatso matambira. Une simba rinodambura ngetani pauri kuti usimuke pamusoro pematambudziko ose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari akandipa simba rose reparadza kurwisa kwese kusina zviwereko kwemuvengi. Ndine hupenyu nehunhu hwaMwari mandiri. Kunyangwe mamiriro ezvinhu akamira sei, handiparadzwe! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Jakobho 1:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 110–113

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 14 (MUVHURU)

CHIDANHO CHEKUCHENA MUSORO

Pisarema 71:18 (AMP)

“Uyezve pandinenge ndakwegura uye ndine vhudzi rachena, Mwari, musandirasa, kusvikira ndaparidza simba renyu kusvikira kurudzira urwu...”

Umwe wemifingo urinyore chaizvo kuti uzvisungirire mauri, kurega kukunda kwawakaita kare kuve icho chinokumisa kukunda nhasi. Dhavita, mumagwaro, akatozvitaridza kudhara kuva mutungamiri akanaka, murume wekutenda, uye murwi asingatyi, kukurira Gorati nekununura dzidza rake asina kana kusvitsa makore makumi maviri. Nekuva nemubairo yekukunda yakawanda kudaro, dai akasarudza kurarama akaingoisa mufungo wake pane izvo zvaanga akatokunda kudhara, aisambozokwanisa kuzadzisa zvese zvaakaita sekurongerwa kwaanga aitarwa naMwari.

Parugwaro ruripamusoro apo, anotaridzwa semunhu ange achembera, achene musoro, asi anokumbira Mwari kuti vamushandise kutaridza simba rake kuzera rake neraizotevera. Zvisinei nemakore kana chidanho chauri muupenyu, Mwari vakagadzirira kukushandisa kuto darika zvaungafungidzira kuti zvikuru. Kune zvizhinji nzvaakakuchengetera iwewe. Ramba uchingoenderera mberi chete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinopfuura kukunda kose kwandakaita kare. Hapana chimiso pakubudirira kwangu. Mwari vane zvizhinji zvavakandirongera, kunyangwe kutodariko zviroti zvangu zvose zvinovhundutsa! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaEfeso 2:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 114:1–118:9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 15 (CHIPIRI)

KUTYA KANA KUREMEKEDZA

Zvirevo 9:10 (NIV)

“Kutya Ishe ndiko kutanga kwohungwaru, uye kuziva Mutsvene ndiko kunzwisisa.”

Mashoko ekuti, “usatya chinhu” akataurwa kanokwana iko kuita mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu mubhaibheri rese, kamwe chete pazuva rimwe chete regore. Sei zvino gwaro redu ranhasi richitizivisa kuti kutya Ishe ndiwo mavambo ezivo? Saka, zvino ndezvipi manje, chokwadi chepamweya kana kuti kupikisana kwemagwaro? Ramba uripamwe chete neni. Mwari varikungotaridza mhando yekutya kwausinganire kuita. Kune kutya kwepanyama, kunova kunokuvadzisa iwewe zvakanyanya. Asika, takatarisa zvinoreva gwaro riripamusoro apo, kutya kwarehwa apo kuremekedza kana kukudza Mwari.

Kubva mubhaibheri, kuremekedza zvinoreva kudzamisa, kurumbidza nekukudza Mwari nezvinhu zvehuMwari. Semutendi, unosundwa kuita basa rokutenda kuburikidza nedanho rekuremekedza shoko raMwari paupenyu hwako. Nhasi sarudza kusumudzira upenyu hwako kubva pakajairika uve nekuremekedza kwakadzama kuna Mwari nekudana kwake paupenyu hwako, ndiko kuvamba kwezivo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handityi zvingaita muvengi kwandiri, asi pana izvozvo, ndinoremekedza Mwari. Pandinoremekedza zvaari iye muupenyu hwangu, anondisimudzira pakakwirira pehupenyu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaHebheru 12:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 118:10–119:40

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 16 (CHITATU)

KUUNGANIRA KUDZIISANA KWEMA PENGUINS

Ruka 22:32 (NIV)

“Asi ndakakunyengeterera, Simoni, kuti kutenda kwako kusashaye simba. Uchaenda, ugodzoka, wosimbisa hama dzako.”

Mapenguins anogara munzvimbo dzinotonhoresa panyika, achishingirira pama tembiricha anodzikisa kunyangwe kusvika pa -60°C zuva rega rega. Mapapiro akatogadzirwa zvakatoenderana nekuipa kwemamiriro ekunze iwawo, zvakare nemafuta emuviri akawedzerwa kuitira kudziisa muviri nekukwezva zuva. Kunyangwe zvakadaro, paizvi zvose hapana chinonyanyo shanda sekudziisana kunuoitana ma penguins paanoungana. Paanounana kudziisana, pakati pawo panodziya kusvika kunyangwe 37°C .

Sema penguins, muKristu wakapiwa simba rekuzvichengetedzamukurwadza kwezinhu munyika ino, wakasimbiswa neshoko raMwari kukudziisa. Asika, zvinemubairo mukuru pakusimbisa hama dzako pakunamata vanozokunamatirawo. Unodziisana nehama neshamwari idzo dzinofambirana newe pachiono chekutenda. Dzidza kunamatira vavakidzani ne hama dzako dziri mativi mana enyika sekukunamatira kwavanoitawo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Semapengu anoungana kudziisana munguva yechando, neni ndinosimbisa hama dzangu munaShe kuburikidza neminamoto yangu kuchengetedza upenyu hwavo pamwe chete nehwangu, kunyangwe mamiriro api zvawo akaita zvinhu. Amen!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 VaTesarika 5:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 119:41–96

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 17 (CHINA)

NZVIMBO DZEKUROPAFADZA

Eksodho 4:2–3 (NIV)

“Ishe akati kwaari, ‘Chii chiri muruoko rwako?’ Mozisi akati, ‘Tsvimbo...’”

Mabhirioni ema Kristu pasi rose vanonamata, kukumbira Mwari kuti vavadurire maropafadzo asingagume sekutsanangurwa kwazvakaitwa neshoko traMwari kuedza kugadzirisa upenyu hwavo, asi vachikundikana kuona nzvimbo dzaangasarudza kuropafadza. Mwari haagone kusimudzira upenyu hwako kana pasina icho chinovitsa ropafadzo racho kwauri.

Pagwaro riripamusoro, shoko raMwari rinotaridza Mwari vachibvunza Moses chaiva muruoko rwake. Tsvimbo yainge yakabatwa nemuporofita, apo zvaisaita sezvaimbofungirwa, ndiyo yakatozo shandiswa kutaridzira simba raMwari pamberi peva ljpita vose. Nenzira imwe chete iyoyo, nekusafungirwa kwazvingaita, gadzira nzvimbo dzekuti Mwari vaunze zvose zvavakakuvimbisa mushoko ravo. Zvipire iwe wese kwaari uone zvinoshamisa zvinokutevera!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Bhizimusi rangu ndiyo nzvimbo yekuti Mwari vaunze ropafadzo muupenyu hwangu. Dzidzo yangu inzvimbo yekuti Mwari vaunze ropafadzo muupenyu hwangu. Nzvimbo dzose muupenyu hwangu, kunyangwe doko kana hombe, dzinoshandiswa kuunza maropafadzo angu. Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Ruka 16:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 119:97–160

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 18 (CHISHANU)

MARI: KUPWANYA FUNGIDZIRO

1 VaKorinde 3:21 (KJV)

“...Zvinhu zvose ndezvenyu.”

Mwari vachisika nyika, mari yaisavako. Mari chinhu chakabukurawo kuburikidza nevanhu. Ipapo vanhu vazhinji vanoita sekuti mari chinhu chakadonha kudenga, chinobva chinhu chisiri chokwadi. Unozviza here kuti kwemakore mazhinji, mari irikubhanga kwako haimirirwe nemari inobatika asi nemanhamba akaiswa mukombiyuta akabatana nezita rako seumbowo kuti une mari imomo? Izvi zvinutaridza kuti mari pamukore uno inongova fungidziro, inongorarama chete mumeso evarombo.

Huremu hwpazvinhu zvemari zvakanyanya ako hwemachokwadi hauwanikwe pamari yaunayo muhomwe mako or pawakaiviga. Nhamo hakusi kushaikwa kwemari. Ukagona kuisa kutarisa kwako kwese mukukudza pfungwa dzako nemoyo wako, kunaka kwehunhu hwako ndizvo zvinoita mari idavire kwauri.

Usarega mari ichikutonga, ifungidziro yega iyi. Kunyangwe shoko raMwari rinoti chengetera upfumi hwenyu kudenga, kunova kwahunokosha zvmachokwadi. Usanyanya kuperera pakudisisa mari, uone ichiuya kwauri usina kunyanya kuisa simba rakanyanya. Bvisa pfungwa dzako pazvinhu zvemari, panzvimbo yaizvozvo, tarisia pachinangwa chaMwari paupenyu hwako, zvimwe zvose zvinotevera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari haina simba kunditonga! Kana ndichinge ndatora nguva kuzvinatsiridza kuburikidza neshoko raMwari, ndinoshandura madaviriro anoita mar kwandiri

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Mateu 6:33

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 119:161–124:8

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 19 (MUGOVERA)

KUDARIKA SHAMWARI

Johani 14:16 (KJV)

“...Ndichakumbira Baba, uye vachakupai Mumwe Mubatsiri agare nemi nokusingaperi.”

Kuparara kweukama mune hukama hupi zvawo, kunyangwe hwewanano, kana hushamwari, kunoitika kana pasisina kutaurirana. Vatendi vazhinji mukore uno havachaziva basa raMweya Mutsvene muupenyu hwavo, zvinova zvinoita varege nhaurirano yakakosha naye mazuva ose. Mwari baba variko kudenga uye Ishe Jesu variko kudenga kureva kuti Mwari watinodanana naye pano ndiye Mweya Mutsvene! Ndiye anoita huvepo hwa Jesu huve chokwadi kwatiri, zvinoita izvo zvakakosha kwete kumugamuchira badzi asi nekutotaura naye nguvan nenguva, kumuisawo muzviitiko zvese zveupenyu hwako.

Shoko rinomutsanangura kuti munyaradzi anogara matiri nokusingaperi. Saka pese paunosangana nekusagadzikana kwezvinhu uye mataambudziko muupenyu, hausi wega, sezvo uine mubatsiri anogara newe nguva dzose. Gadzira ukama hwepedyo hwakasimba naMweya Mutsvene kuburikidza nekugara uchitaura nendimi kutanga nhasi uone mhinduro dzichibukira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya Mutsvene anodarika shamwari yangu. Ndinomudaidza pazviitiko zves zveupenyu hwangu. Ndinoziva anogara aineni, ndinotaura naye kuburikidza nemunamato nguva nenguva. Amen!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Johani 14:26

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 125–131

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 20 (SVONDO)

GONDO MUCHIRUGU

Hosea 4:6 (KJV)

“Vanhu vangu vanoparara neshaya zivo...”

Vakristu vazhinji vane muono wekuponeswa usina kukwana. Vanofunga kuti Jesu akauya kuzotisunungura kubva kuzvivi zvedu nekubvisa matenda kwatiri chete, asika handizvo zvese. Kumuka kwake kwakatisimbisa kuti tirame pamusoro pehupenyu hwakajairika! Kutambura nekurwara zvinhu zvinotevera hupenyu hwakajairika, chokwadi chekuti, iwe mwana waMwari haufanire kubvuma kana kugamuchira.

Kana ukagamuchira zvinhu zvinopikisana nezvinoda Mwari iwe urarambe, unoita segundo rinokudzwa rimuchirugu chehuku! Kunyangwe uri mambo vemudenga, kana uchingorarama pakati pehuku, unongoita sadzo uchirwara nezvirwere zvinongodzibatawo. Haumbofa wakaziva kuti unobhururuka kusvika pakadii kana uchigutsikana nekuramba uri pakajairika. Famba muchokwadi chekuva zvaunonzi naMwari uri, wakazvarirwa kufambira pamusoro pemafambisirwo ezvinhu panyika pano. Rarama saizvozvo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinobhururuka kuinda mudenga! Ndakarerwa munyika ino asi handisi wenyika ino. Ndinofambira pamusoro pekurwisa kwese kwemuvengi. Zvombo zvose zvingandirwisa hazvisati uye hazvisi kuzombo gadzirwa, muzita raJesu!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 12:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 132:1–135:14

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 21 (MUVHURO)

RUMBIDZA MWARI MUMIVIRI WAKO

1 VaKorinde 6:20 (KJV)

“Makadzingiswa nerutengo, naizvozvo kukudzai Mwari mumuviri wenyu...”

Kunyangwe gwaro rinotaridza kuti maKristu itemberi yaMweya Mutsvene riri inozikanwa zvakanyanya pazvidzidzo zvechitendero, vazhinji havararama muchokwadi ichocho. Shoko raMwari rinotidzidzisa kuti muviri wako ndiyo imba yaMwari, uye ibasa rako kumurumbidza kuburikidza nemuviri iwowo. Izvi zvinoreva kuti haunga rega muviri wako uchi paradzwa nechivi, Satani kana chipi chirwere zvacho.

Setemberi yaMweya Mutsvene, hutano hwako hunofanirwa kuva hwakakwana, unofanirwa kuramba zvese zvisakarurama mumuviri wako, sekuti Mwari vakakusika wakakwana mupfungwa. Hakuna chiitiko chakaipa chinofanirwa kuitika mumuviri wako nekuti Mweya Mutsvene anogara imomo. Simbisa zvawakanzi naMwari uri muupenyu huno, zvisinei nematambudziko aunasangana nawo, nekutaura zvinesimba hutano mumuviri wako nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muviri wangu wakakwana! Hakuna mhando yechirwere inga paradza hupenyu hwangu. Mwari anogara mandiri. Dhiyahhorosi, wakatoruza kudhara muzita raJesu amen!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 8:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Mapisarema 135:15–138:3

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 22 (CHIPIRI)

MUVENGI ASINA ZIVO

VaKorose 3:3 (KJV)

“Pakuti makafa, uye upenyu hwenyu hwakavanzwa naKristu munaMwari.”

VaKriatu vazhinji vanorarama vachifunga Satani anoziva zvose pamusoro pavo nehupenyu hwavo asi handicho chokwadi. Dhiyabhorosi haasi wemweya kunyangwe zvake akagadzirwa nezvinhu zvemweya. Izvi zvinoreva kuti haakwanise kuona zvinhu zvepamweya. Haatombozive nhamo dzaunotarisa nadzo zuva nezva kusara kwekuti kana wamupa mukana wekupinda muupenyu hwako kuburikidza ne hunhu hwako wakatarisa nematambudziko iwawo. Nzwisisa kuti Satani akaita nguva yakareba ari kudenga achifamba pamarasha omoto achirumbidza Mwari, asi paakasangana naye panyika ari Jesu akatadza kumuziva.

Bhaibheri rinoti takavigwa muna Kristu. Izvi zvinoreva kuti muvengi wedu, Dhiyabhorosi, haana chaanoziva pamafambiro edu. Dzidza kushandisa mukana wekushaya zivo kwake. Paunonzwa marwadzo mumuviri mako, taura kupora munguva yekurwadziwa. Panguva mubhanga mako musina chirimo, dzidza kutaura hupfumi. Muvengi haana kana chaanoziva!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Dhiyabhorosi haana simba rekundi paradza. Muvengi asina kana nezivo. Mutauro wangu unoenderana neshoko raMwari, kwete mamiriro ezvinhu. Muzita raJesu, Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Mapisarema 91

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
(GWARO RAKADZIMIWA)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 23 (CHITATU)

CHIPOROFITA KUMAPFUPA AKAOMA

Ezekieri 37.4_5

4_Ipapo iye akati kwandiri , Porofita kumapfupa aya uti kwaari,Imi mapfupa akaoma, inzwai shoko ra Jehovha 5_Zvanzi na Ishe Jehovha kumapfupa aya , Ndichaisa mweya mukati menyu mugorarama

Shoko raMwari rinotiudza kuti muma zuva ano atiri ekupedzisira, muKristu wese akatakura simba rekushandisa simba rinoshandura zvinhu rechiporofita. Asika kashoma kuwana vanhu vanotora mukana iwowo wekushandisa muupenyu hwavo hwezvava nezvava. Gwaro riripamusoro apo rinotaridza Mwari vachiraira muporofita Ezekieri kuporofita mapfupa aiva mumupata, naipapo ipapo, mapfupa akabva atanga kuita nyama.

Semwana waMwari, zvisinei nemamiriro ezvinhu asina hupenyu aunasangana nawo, wakapiwa simba rekutaura mashoko echiporofita eupenyu mumairiro ezvinhu iwawo! Nhasi, taura kumamiriro ezvinhu muupenyu hwako, porofita mashoko ehuwandu, kupora, uye kudzorera uone Mwari vachimutsa zvinhu zvose muupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita mamiriro ezvinhu muupenyu hwangu! Ndinesimba rekutaura upenyu zvisinei nematambudziko. Mapfupa ose arikurarama izvezvi.

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Romans 10:9

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI GORE RESE

Gwaro ranhasi: Mapisarema 141:1 to 145:7

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 24 (CHINA)

FAMBA MURUDO

JOHANI 13:34_35

34: Ndinokupai murairo mutsva wokuti: Dananai sezvo ndakakudai, munofanirwa kudanana **35** Nokuda kwaizvozvo, vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vangu kana mune rudopakati penyu.

Zvisinei nekukurumbira kwakaita rugwaro ruripamusoro apo, vaKristu vazhinji vanoita swkuti chinhu chakavanzika kana pari pakuchiisa mukurarama kwavo kwamazuva ose. Pafunge kuti zvimwe zvinamato zvichionekwa nekuda kwemapfekero avo kana magadzirire avanoita vhudzi, Mwari vakasarudza rudo kuti chive icho chinotipatsanura uye kutaridza kuti tiri ma Kristu! Sevana vake, zvakakosha kwete kufamba murudo pane vamwe chete, asi kunyangwe kune avo vanopikisanawo nesu, sekuita kwakaita Kristu kutida kunyangwe tange tichiri muzvivi.

Ukafamba muhasha uye mukuvenga, urikupa muvengi nzvimbo yekushanda muupenyu hwako, kunyangwe usina chinangwa ichocho. Ramba kugumbuka kana kuva neruvengo, zvisinei nekuti wakabatwa zvakadii navanhu, kunyangwe mabatiro avanokuita ikozvino. Zviise mugwara rakanaka naMwari kuburikidza nekupa rudo kunyangwe kune uyo asingatombodika zvachose uone nzvimbo dzose dzeupenyu hwako dzichibudirira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikufamba murudo. Ndinotaridza rudo rwangu kunavamwe kuburikidza nemafambiro andinoita navo pamwe nematauriro andinoita navo. Muvengi haagone kumirisana nerudo, naizvozvo ndinorushandisa nhasi.

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Ephesians 5:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Gwaro ranhasi: Mapisarema 145:8 – Mapisarema 148:6

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu 25 Chikunguru

GWARO RAKADZIMWA

Vakorinde 5:17

17_Saka kana munhu ari muna christu , ava chisikwa chitsva zvinhu zvakare zvapfuura ,tarirai zvose zvava zvitsva

Kunyangwe zvazvo Kristu akauya kuzotinunura kuburikidza nekufa kwake pamwe nekumuka, vazhinji maKristu vachiri pakushungurudzwa nekukukanganisa kwavo kwavakaita kare uye vorwadziswa nemubairo hwacho kunyange vakasunungurwa pazviri kare. Sekuti zvachiricho chokwadi chiri kurarama kuvaKristu vazhinji, hachina kumbogara chiri icho chinangwa chavakarongerwa naMwari.Chikonzero zvakadar ndechekuti vazhinji Havana kumbogara vanzwisisa maererano nekuregererwa kwezvivi. Mwari pavakatiregerera vari pamuchinjikwa, vakadzima zvitadzo zvese zvatainge takaita.

Mune vanoona nezve mutemo wemhosva (criminal law), kana munhu aching asunungurwa, mhosva dzake dzose dzakare dzinodzimwa uye kusunungurwa kwavo kunoziviswa. Izvo ndizvo zvatakaitirwa naKristu pamuchinjikwa. Akatisunungura pazvivi zvose zvakare, akadzima kose kutadza kwakare. Hausiwe ungakuvadzwa nekuda kwezvitadzo zvako zvakare, uri chisikwa chitsva muna Kristu uye zvekare zvapfuura. Hupenyu hwako hwekare haukwanise kuburitsa zvauri iwewe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotenda Mwari nekuti nezuro akapfuura. Ndiri chisikwa chitsva muna Kristu uye hakuna rugwaro runotaridza kukanganisa kana zvitadzo zvangu zvekare.Ramangwana rangu rakajeka, ndinotenda, Ishe Jesu ! Amen.

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Izaya 43:18-19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Gwaro ranhasi: Mapisarema 148:7 – Mapisarema 150:6, Zvirevo 1:1-2,9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 26 (MUGOVERA)

NYASHA HADZIINZANISI

Pisarema 5:12 (KJV)

“Kuti imwi, Ishe, mucharopafadzavakarurama; muchavakomberedza nenyasha sekudzivirirwa.”

Tarisisa izvi, pakati pekuvhiringika kwevanhu nekuda kwemhondi, mbavha imwe chete inoridza pfuti kumumwe wemapurisa kuti vamwe varege kuvatevera vachitiza neimwe nzira. Bara rinokuta mupurisa akanangwa roenda pane umwe wepovho. Chii chinoita kuti mupurisa ainde kumba asina kukuvadzwa asi paine umwe wepovho akuvara? Idzo ndidzo nyasha dzinenge dziri pabasa. Sevana vaMwari, zvisinei nezvinoda kuitwa nemuvengi, isu takasunungurwa kubva kumarwadzo ose ekurwisa kwake, kufambira mberi neupenyu sezvaita mupurisa uyu, usina kana vanga.

Kana izvi zvichitaridza kusava zvakaringana, zvagara hazvitofaniri kuringana! Kuburikidza naJesu Kristu, takapiwa nyasha patinofamba mumabhindauro epanyika. Tirikumberi nenhanho kune avo vari munyika. Mwari vakakupa nyasha mune zviitiko zvese zveupenyu hwako kuitira kutira kuti ubudirire kupfuura avo vari murima. Pauchadzidza kushandisa shoko rake, nyasha dzake dzisingaperi dzichakutaurira!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nyasha hadzina kugadzirirwa kuinzanisa! Kuburikidza naJesu, ndine nyasha kubudirira kudarika vose vanoshandizana neni. Hakuna chinhu chinonzi makwikwi kwandiri. Hallelujah!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Zvirevo 3:4–5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Zvirevo 2:10–5:14

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 27 (SVONDO)

USHUMIRI HWOKUYANANISA

VaRoma 1:16 (KJV)

“Handinyari neEvhangeri yaKristu, nokuti isimba raMwari roruponeso kunavose vanotenda...”

SemaKristu, tose takadanirwa ushumiri hwekuyanana, tose takapiwa basa rekutendeutsa vanhu kuhumambo hwaMwari. Kuti ubudirire pabasa iri, unofanirwa kuva unotenda zvakanwana mushoko rake, nehuMwari hwake pamwe nehurongwa hwake! Pagwaro riri pamusoro, muApostora Paulo anotaridza kuva akatenda chaizvo, paanomira zvakasimba achidudza kuti Kristu ndiani pahupenyu hwake, uye kududza kusimba kwaakaita pakumutenda.

Panzira imwe chete iyoyo, sevana vaMwari, usasvoda neshoko raJesu Kristu, riparadzirei kwese kwamunoenda. Makasimudzirwa nehupenyu pamwe nemweya chaiwo waMwari. Ndiko saka chiri chinhu chinodikanwa kugovera chokwadi ichi nevamwe, uchizadzisa kudanwa kwako muna Ishe. Tendeusa vanhu nhasi, hushumiri hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadaidzirwa hushumira hwekuyanana, uye ndinokunda pakutendeusa vanhu kuumambo. Ndinotaura zvinesimba kuti kushanda kwangu kwese kutendeusa vanhu kuna Kristu kuri kukwirira uye kukunda mugore rino. Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Zvirevo 11:30

MAKIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Zvirevo 5:15–8:11

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 28 (MUVHURO)

CHENGETA MOYO WAKO

Zvirevo 4:23 (KJV)

“Chengeta mwoyo wako nemazvo, nekuti mabvamo matsime ehupenyu.”

Mashoko ekuti “chengetedza moyo wako” haasi matsva kana asingaziikanwi pakati pemaKristu, asi zvinomborevei kuita saizvozvo? Ramba uineni. Shoko raMwari rinodudza kuti mifungo yako inobva pamoyo wako, uye hunhu hwawo hunotaridza mameriro awo. Pawakazvarwa patsva, wakapiwa moyo wakazara nerudo, wakazara nehunhu hwaMwari. Sevana vaMwari, kuudzivirira kunodudza kuuchengetedza panzvimbo yakanaka yauri muna Ishe.

Mienzaniso yakawanda muma gwaro, kubva kuna Dhavita kusvika kuna Solomoni, vanotaridza kuipa kwemubayiro uripo pakusachengetedza kururama kwako. Ukasaita izvozvo, urikutendedza kushandiswa nemuvengi kuti kupinde paupenyu hwako. Usatendedza kuzvikudza, chigumbu, kutsamwa, uipi, uye ruvengo kudzika midzi paupenyu hwako. Izvi zvinenge uturu hunouraya mukati memoyo wako. Chengetedza moyo wako uve mutsvene kuburikidza neshoko raMwari uone kunaka kwake kuchinaya munzvimbo dzose dzeupenyu hwako nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi ndinochengetedza moyo wangu neshongwe yemoto. Zvivhiringidzo zvenyika ino hazvizondibvisa pakururama kwangu muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaFiripi 4:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Zvirevo 8:12–11:11

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 29 (CHIPIRI)

TIRI BASA REMAOKO AKE

VaEfeso 2:10 (KJV)

“...Tiri basa remaoko ake, takasikirwa munaKristu Jesu...”

Chinhu chinofananidza makambani ose ndechekuti, pavanogadzira chinhu chavo, semotokari kana mbozhanare, vanodada nebase ravo uye vanoda kuzivisa zvisina kusvoda kunze uku kuti ndivo vakagadzira chinhu ichocho. Ndizvo zvimwe chete Ishe Jesu vanoita kana vakakutarisa. Kutodarika motokari kana mbozhanare, chisikwa chaMwari chakagadzirwa zvakanakisisa, pasina chekusvora pachiri! Shoko raMwari rinokutsanangura sechigadzirwa chakarurama chaMwari, chisikwa chemaoko emusiki waZvose!

Mwari vakaisa zita ravo kweupenyu hwese, kureva haazotarisa kukuona uchitambira zvinhu zvakaita seurwere, kutambura, nezvimwe zvenyika ino nekuti akakuisa pamusoro pazvo! Akakuita wakasimba kudarika chombo chipi zvacho muvengi angakanda kwauri. Saka usazvitendedza kuzombotenda kuti wakagadzirwa kuzorarama hupenyu hwakajairika. Wakasikwa usina pakaremaro. Urichigadzirwa chemaoko ake.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chigadzirwa chakanaka chaMwari, Akandsika aine kunatsurudza chete mupfungwa. Ndiri chisikwa chake uye basa remaoko ake uye, ndinorarama upenyu husina chipomerwa! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Mapisarema 139:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Zvirevo 11:12–13:25

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 30 (CHITATU)

KUGADZIKANA MUPFUNGWA

Jakobho 1:8 (KJV)

“Munhu ane pfungwa mbiri haana kugadzikana panzira dzake dzose.”

VaKristu vazhinji vanotaura mashoko ekutenda, vachitaura simba mumabhonzo avo, ushingi kuyambuka mamiriro ezvinhu avo, kukunda zvisinei nemarambudziko, zvichienda mberi, asi maitiro avo pamwe nemashoko avo zvinopikisana! Haugone kuva nemifungo moviri panhaurwa dzouMwari. Unotenda here musimba raakakupa kana urikurarama upenyu hwakazara nekusatenda?

Kana uri wemifungo miviri, gwaro riripamusoro, mu (Amplified version), rinodudzira kuti hauna kugadzikana, kutendeka uye kusavimbika newe! Uhwu hauziwo hupenyu hwemu Kristu.

Unofanirwa kufamba wakasimba muzvivimbiso zvaMwari. Shoko raMwari rinotiudza kuti iye haasi munhu kuti anga reva nhema, kududzira simba rose raanoti akakupamuupenyu huno, zvokwadi akakupa! Rarama mukugadzikana kwepfungwa pamwe chete, hupenyu hune chinangwa uye husina kusatenda pahumambo hwa Mwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzikana mupfungwa mangu! Handivhiringidzwe nyore nezvivhiringidzo zvemunyika muno. Ndakatarira nemoyo wese pane zvinhu zvaMwari! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaEfeso 4:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Zvirevo 14–16

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIKUNGURU 31 (CHINA)

CHINYARADZO PATAFURA

Pisarema 34:19 (KJV)

“Matambudziko emururami mazhinji, asi Ishe anomununura pazvose.”

Fungidzira uri mutambi pafirimu repa blockbuster. Wakaita masvondo mazhinji uchigadzirira kutamba basa riripamberi pako, uchidzidza zvaunofanirwa kutaura, uye nekutamba, zuva nezuva kuitira ubudirire pamutambo uyu. Pachikamu ichi, iwewe, semutungamiri pamutambo uyu, zvisinei nematambudziko, zvakanyorwa kuti unokunda! Ndizvo zvaunofanirwa kuita uchifambisa upenyu hwako semwana waMwari! Magwaro anotidzidzisa kuti tinorarama hupenyu hwakanyorwa! Chikamu chinodudza unokunda chete pakuguma kwacho. Zvisinei nekutambudzika kwauri kusangana nako, kukunda kwako ndekwema chokwadi, chaunofanirwa kuita iwe kutamba pako.

Zvigadzire iwewe nguva dzose kuburikidza nekutora pamwe nekushandisa shoko rake. Hakuna hondo yaunopinda inotakura simba rekukuparadza. Gwaro riripamusoro rinotiudza kuti Mwari vakatotirwira pakutambudzika kwese kwatingasangana nako. Pamutambo uyu, wakakunda pakuguma!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirirwa kukunda! Sekumiswa kunoitwa mumutambo, kana ndichiri kungotevera zvakanyorwa kuti ndiite, Shoko raMwari, zvema chokwadi ndichakunda zvisinei nemamirire ezvinhu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 Johani 5:4

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Zvirevo 17–20

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, 1 NYAMAVHUVHU

TSVIMBO NEMABWE

Zvirevo 18:21 (KJV)

“Rufu noupenyu zviri musimba rerurimi; vanorida vachadya michero yaro.”

Pane shoko rinoti, “tsvimbo nemabwe zvinogona kutyora mapfupa, asi mazwi haakuvadzi.” Mashoko anobva kune vamwe vanhu haagone kukukanganisa kana ukamaramba, asi mashoko aunotaura anogona kuita dambudziko guru achikonzeresa zvakanwanda pamusoro poupenyu hwako. Pauri nhasi uripo ipapo nokuda kwemashoko awakambotaura.

Bhaibheri rinoti rufu nehupenyu zviri musimba merurimi rwako, kureva kuti zviri kufa zvinokwanisa kumutswa nesimba remashoko ako. Zvisinei, kune rumwe rutivi ukataura zvisina maturo unokonzeresa kuti budiriro isaitika mukati meupenyu hwako. Nhasi sarudza kuti chawareva watoreva uone ropafadzo yaMwari ichikuwira zvausati wakamboona.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mazwi andinotaura ane simba, kupfuura munondo unocheka nemativi maviri! Nesimba rerurimi rwangu ndinomutsa zvinhu zvose zvanga zvava kufa muhupenyu hwangu nezvose zvakanzikomberedza. Zvinhu zvikuru zviri kuitika izvezve nezita ramambo Jesu

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Jakobho 3:5–6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Zvirevo 21–23

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, 2 NYAMAVHUVHU

MABASA NE NZIRA

Mapisarema 103:7

“Akazivisa nzira dzake kuna Mozisi, Mabasa ake kuvanhu velsraeri.”

Pane mutsauko kuziva mabasa aMwari nekuziva nzira dzaMwari. Munguva yaMosesi valsraeri vakaona zvishamiso zvizhinji uye zvituko gumi zvakawira valjipita, vakaona gungwa richipatsanurwa, vakaziva Mabasa ake vakaziva nzira dzake semaziviro aiita Mosesi nzira dzaMwari. Makristu mazhinji anoda kuona minana muupenyu hwavo vasingadi kuumba hukama netsime remunana rinova Kristu Jesu.

Paunopinda mukereke yaMwari, shuviro yako ngaive yekuziva Mwari kwete zvaanogona kukuitira. Ukaumba nekuvaka hukama naye , ropafadzo yaMwari inogara iri pamusoro peupenyu hwako. Paunodzika midzi yekuziva shoko kana kuwedzera munamato , zvinoita kuti uzive nzira dzake, uye unenge wazarura musuo wenyasha neropafadzo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nekuti ndinoziva mabasa aMwari uye nzira dzake, ndinoporofita hukama naMwari gore rino kusiya nemanamwe makore andakamboziva. Nyasha uye ropafadzo zvinopfachukira muupenyu hwangu muzita raJesu!

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

Jakobho 4:8

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Zvirevo 24:1–27:10)

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, NYAMAVHUVHU 3

PINDA PAKADZIKA

Ruka 5:4 (KJV)

“...Akati apedza kutaura akati kuna Simoni, chiriswededza kwakadzika ugokanda usvasvi ubate hove.”

Akati apedza kuparidza shoko muGarireya, Jesu akamira kumahombe kombe erwizi Genesareti, akaona varedzi, Simoni Petro neshamwari dzake avo vakange vasina chavanga vabata. Varedzi vainge vaita husiku hwose vasina chawawana. Jesu akataura shoko rine dzidziso ichaonekwa akati “kandai mambure pakadzika dzika mubate hove.” Petro paakaterera murairo akabata hove zhinji kwazvo zvokuti mambure akadambuka!

Iwe semwana waMwari haugone kutarisira goho rakapamhama wakagara pasi. Mahombe kombe anomirira nzvimbo yekuzororera, kungatora zvinhu njee, kana wada kurarama zvese zvakaiswa naMwari mugore rekudambura ngetani, murairo waMwari unoti ENDA KWAKADZIKA DZIKA! Namata zvakanyanya, dyara zvakawanda, Shanda muimba yaMwari, dzika zvakanyanya muukama hwako naMwari uone mukana uchiwira mumambure ako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kupinda pakadzika dzika! Kubva nhasi, ndiri kudzika muzvinhu zvese zvine chekuita neumambo hwaMwari. Sehove inoenda pamutsetse wokuredza, gore rino, mikana mitsva ichamhanyira kwandiri yakawanda. Amen!

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Mapisarema 42:7

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Zvirevo 27:11–30:33

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, NYAMAVHUVHU 4

MUTORWA MUNYIKA YANGU

1 Petro 2:9 (KJV)

“Asi imi muri vanhu vakasanangurwa, uprista hwamambo, rudzi rutsvene, vanhu vaMwari chaivo, vaakadana kuti mubve murima, muuye muchiedza chake chinoshamisa...”

Kuita mutorwa munyika yako kunoreva kubviswa munharaunda yako, uye tsika dzenyika kana maitiro ayo. Nyangwe izvi zvichiita kunge zvakaoma munyika ino, asi kumwana vaMwari, ichi chinhu chinobetsera! Ramba uneni; Ndimba iri pamusoro apa inokudaizai kuti wakasanangurwa, rudzi rutsvene, rudzi rwechienzi, kana ukasarudza kugamuchira Jesu salshe wehupenyu hwako iwe wakabva waparadzaniswa kubva kuzvinhu zvose zvenyika ino!

Matambudziko ega ega anotarisa nezvizvarwa zvezera rako, hazvina simba pamusoro pako sezvo iwe uri wechizvarwa chakasarudzwa! Kusagadzika kwehupfumi, kana zvmatongerwo enyika kana hutano semuKristu, hazvina simba pamusoro pekubudirira kwako nekuti iwe uri werudzi rutsvene rusina kunyunyuta nekuda kwezve rino pasi! Iwe uri muprista woumambo, rudzi runoshamisa, muenzi kuzvinetso zvenyika ino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kugara munyika ino, asi handisi wenyika ino! Matambudziko anonetsa vamwe haagone kukanganisa upenyu hwangu, nekuti ndiri werudzi rwakasarudzwa rutsvene. Ndinorarama pamusoro pehurongwa hwenyika ino. Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Johani 17:16

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Zvirevo 31; Muparidzi 1:1–3:8

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, NYAMAVHUVHU 5

BASA RANGU RINE ZVIBEREKO

Zvirevo 14:23 (NIV)

“Kushanda nesimba kwose kunopa mubayiro, asi kungotaura kunotumngamirira kuurombo bedzi”

Ziva kuti semwana waMwari, zvaunobata zvose zvinofanira kuva nezvibereko. Asi vamwe vatendi vachiri kunetsekana nourombo, kurwara, nekushaya mufaro, nokuti havana kushandisa shoko raMwari uye nekuriita. Gore richitanga vanhu vazhinji vanonyora hurongwa hwekutanga kwegore nezvavanoda kuita gore rese. Shoko riri pamusoro roti kutadza kuita zvawakanyora pasi, dzingori nyaya dzisina pundutso uye zvinounza kutambura muupenyu.

Shoko rekuti zvibereko harirevi kuvandudzwa kwemari bedzi, asi rinorevavo kuwanirwa mukana, kuvandudzwa kana kubhadharwa, zvichida kuchikoro, zvemhuri kana dambudziko muwanano chingoziva kuti kushingirira kwako kunounza pundutso. Ramba kungotaura hurongwa hwawakaronga asi chitoita zvawakaronga zvacho. Mwari vakatoku gadzirira mukana wekuti ubudirire, dzoka mundangariro dzako uite zvawakaronga utarire zvichaitika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore rino, zvese zvandinaita zvinobereka zvibereko. Ndichatsinhira mashoko angu nemabasa. Chero basa ripi rehunyanzvi, basa rangu rese rinobereka zvibereko muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Jobho 22:28–29

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Muparidzi 3:9–8:17

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, NYAMAVHUVHU 6

MASHOKO A DHERIRA

Vatongi 16:16 (KJV)

“Pakupedzisira mushure mokunge atambudzwa namashoko ake, zuva nezuva, achimugombedzera, akaneta zvokusvika parufu.”

Dherira haana kunyengera Samson nemuviri wake, asi nemashoko ake. Nyaya yake haisi nyaya yekunyengedza kwakaipa chete uye kuchiva kwenyama kana kuwa kwemunhu, asiwo chiratidzo chekukosha kweuyo waunosarudza kuswera naye uye zvaanotaura! Samsoni ainge aine simba guru raMwari, asi nokuda kwemunhu mumwe waakaswera pedyo naye akabviswa muhurongwa hwake.

Zvitiko zvizhinji zviri muBhaibheri zvinoratidza kuti mashoko ane simba rokunyengera kana kushandiswa sechombo chokukurwisa, kana dhiyabhorosi akanyengera ngirozi dzokuDenga nemashoko ake oga! Ramangwana rako rinogona kudamburirwa pedyo nokuda kwemashoko aunotendera kunzwa. Bvisa zvimhingamupinyi zvose zvinogona kukutadzis kuita zvawakadanirwa naMwari kuita. Dambura ngetani inokudzivisa mugore rino rekudambura ngetani, une simba racho, RISHANDISE.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari anogara mandiri; handinga tombo kundikani. Hapana mazwi ewakaipa anonditsausa munzira. Shoko rose rakandisunga kune wakaipa nemano-mano ake rinodambuka izvezvi nezita raJesu

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

1 VaKorinde 15:33

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Muparidzi 9–12; Rwiyo rwaSoromoni 1–2

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, NYAMAVHUVHU 7

MUNYENGETERO UNOBEREKA ZVIBEREKO

Ruka 11:1 (KJV)

“ Mumwe musu Jesu akanga achinyengetera ari pane imwe nzvimbo. Akati apedza, mumwe wavadzidzi vake akati kwaari, Ishe tidzidzisei kunyengetera, saJohani akadzidzisa vadzidzi vake.

Vadzidzi vaJesu vainge vari vaJudha vakadzidziswa kunamata minamato yakarongwa, uye vaine mazuva akayereswa akawanda vakadzika midzi mumunamato sa Yom Kippur kana sabata rainge riri mutsika dzavo, zvinova zvakavhundutsa kubvunza Jesu kuti tidzidzisei kunamata. Mundima iyoyi mune chokwadi chemweya chiri kuzarurwa ramba waka terera.

Bhaibheri rinotiratidza kakawanda kuti Jesu asati aita zvishamiso zvikuru zvakawanda zviri muTestamente Itsva, aizviparadzanisa nevanhu kuti anyengetere. Vadzidzi vake pavaimubvunza kuti tinganamate sei, vaibvunza nzira dzokuunza mhinduro kuburikidza nemunyengetero!

VaKristu vakawanda nhasi, nekuda kwekushaya kunzwisisa kuti munyengetero wakagadzirirwa kuvaitirei, vaganhurira simba remunyengetero, vakushandisa kunamata kungokumbira nekuda kuitirwa zvavnoda; Munyengetero ndiwo maumbirwo ako! Iwe unoshandisa munyengetero kuumba nyika yako, kuronga nzira yehupenyu hwako uye uchaona mhinduro nguva imwe neimwe yaunonyengetera

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri murwi wezvibereko zveminyengetero inotungamirirwa neMweya mutsvene. Zvese zvandinotaura mumunamato zvinoumba hupenyu hweumambo mandiri, hupenyu hwakaropafadzwa, hupenyu hune budiriro pane zvose zvandinoina. Hallelujah!

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

Jakobho 5:16

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Rwiyo rwaSoromoni 3–8; Isaya 1:1–9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, NYAMAVHUVHU 8

HAUSI KARIKOGA

VaFiripi 1:7 (KJV)

“Zvakanaka kwandiri kuti ndifunge saizvozvo pamusoro penyu mose, sezvo ndinemi mumoyo, nokuti kunyange ndakasungwa nengetani kana kuti ndichidzivirira nokusimbisa vhangeri, imi mose munogovana neni munyasha dzaMwari”

Pane chirevo chekuti, ‘hausi karikoga; Munhu wose ane chikamu chake chaanobata nekuzara kwakaita nyika ino.’ Zvinogona kuuya sezvishamiso kuti vanhu vane mamiriyoni uye mabhiriya atinoziva ipfungwa dzemumwe munhu dzakaitisa kuti vasvike pavari nhasi. Muzvina bhizimusi Bill Gates ‘baba vake vaiva nebhizimusi remagweta raiunza mamiriyoni amai vake vaiva muzvina bhizimusi akabudirira izvo zvakaita kuti asangane nevanhu vakabudirira avo vakazomubatsira kuumba bhizimusi rake.

Semwana waMwari kwaunobva hakubvumidzwe kuganhurira budiro yako asi nyasha dzakakomberedza ndidzo dzinokusarudzira. Ukaronda nekutevera dzidziso yemunhu waMwari mumwechete unenge wazvibanidza nemubairo unobva pane munhu waMwari waunoteerera. Haucha tenderwa kukundikana asi nyasha neropafadzo yekubudirira zvinokutevera. Hausi karikoga asi uri bazi renyika inobudirira munyasha dzaMwari inonzi GoodNews Nation!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi karikoga, ndiri bazi renyika huru yebudiro, handikundikane nekuti nyasha dzakandikomberedza dzakandikwanira . Amen!

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Johani 1:16

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 1:10–5:17

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, NYAMAVHUVHU 9

NDIRI WEDENGA

1 Johani 5:13 (KJV)

“Ndanyora zvinhu izvi kwamuri, imi munotenda muzita roMwanakomana waMwari, kuti muzive kuti mune upenyu husingaperi...”

Ongororo inoratidza kuti 5–10% yezvirwere zvinouraya zvakauya neku tapurirana kubva kumadzitate guru, zvinoreva kuti mhuri ine ropa rakaipa rinogona kushungurudza dzimwe mhuri dzichatevera. Asi munaKristu, wakapihwa mukana wekuva nemhuri itsva, wakasunungurwa pangetani yakabata vana verima. Zivo yekuti uri ani muna kristu inokuunza kunzvimbo yebudiriro, sezvawakagadzirirwa kuti uve naMwari.

Vanhu vokutenda muBhaibheri vakaita soMuapostora Johane vainzwisisa nyaya idzodzi, zvokuti zviuru zvamakore akatevera vana vekuzvikoro vanomuti Johani muponesi! Kana ukakurumidza kuziva kuti Mwari akaita kuti uve ani, unokurumidza kurasikirwa nengetani dzemuvengi dzaakaisa pauri. Nhasi, sarudza kurarama muzvokwadi isingakanganisi yokuti uri waMwari, hapana chirwere kana chimiro chokushaya chine mano okutevera mutsara weropa rakacheneswa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri wedenga! Ndiri bazi remhuri yaMwari, mhuri yaKristu. Ropa rakacheneswa nekururuma! Ndinorarama hupenyu hwakarongeka nokuti ndinotenda mumwanakomana waMwari! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinde 3:18

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 5:18–9:12

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, NYAMAVHUVHU 10

IKOZVINO PASINA KUNONOKA

Pisarema 84:11

“Nekuti Jehovha Mwari ndiye zuva nenhoo; Jehovha anopa Nyasha nekukudzwa, hapana chinhu chaanganyima avo vanofamba zvakarurama.”

Rugwaro runoti Mwari anoisa nyasha nekukudzwa muvana vake asina chaanosiya, zvoreva kuti haakonzerese kuti ukundikane mubhizimusi, wanano, muchikoro kana hupenyu hwako. Mubvunzo woti sei tichiwana vanotaura nendimi, vanotenda magwaro vachigununa mumunamato vachiti satani akamisa ropafadzo ravo?

Unogona kukatyamadzwa nazvo kuti wakaipa haana simba rekumisa ropafadzo yako! Anongo batsiridza kuti zvinonoke kana wamutendera. Rangarira kuti Mwari wedu mukuru uye anorarama matiri. Hakuna anomubvisa pachigaro asi unogona kuzvitendera

Zvimhingamupinyi zvawakasangana nazvo muupenyu zvogona kufumura zvigotoputswa kuburikidza namweya mutsvene uye kutevedzera mirairo yebhaibheri. Hakuna mweya wetsvina une simba rekumisa Nyasha dziri pamusoro pako mugore rino REKUDAMBURA NGETANI! Mwari havasi havamisi zvakanaka kuti zviuye kwauri! Taura kuti chese chakanaka chiuye kwauri izvezvi, usanonoka!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hapana wakaipa anomisa zvandakarongerwa naMwari mugore rino. Handitenderi wakaipa kumisa zvakapinhwa nekuda kwemano mano ake. Ropafadzo rangu rinouya, CHIUYA IZVEZVI USANONOKA nezita raJesu

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ezekieri 12:28

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 9:13–13:16

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, NYAMAVHUVHU 11

MIRIRA MANGWANANI

VaEfeso 4:26–27

“Mukutsamwa kwenyu, musatadza. Musarega zuva richivira muchakangotsamwa, uye musapa dhiabhori mukana.”

Zvinosuwisa kuti makristu mazhinji anoratidza hunhu hwakaita sehasha, kusadzoreka vasingaongorori kuti maitiro nehunhu hwakadai zvinokonzerwa nemweya wakaipa. Hasha dzisingadzoreki dzino putsa upenyu hwako, usatendera hasha kukuzivisa zvaunofanira kunge uchiita. Zvinobatsira kuziva musiyano wekuviga hasha nekuburitsa zviri muhana mako. Vazhinji vanoti Havana ukasha asi vachidunduvira nekuchengeta zvigumbu mukati. Pane kuti ukuvarire mukati, ramba kushungurudzwa nehasha asi isa mufaro nerunyararo panzvimbo yazvo

Ndima iri pamusoro apa inotiratidza kuti kutendera kubatikana, godo, kudada, kana kuti kusakwanisa kukanganwira kuno tambudza upenyu hwako, unobvumira movengi kuzarura suo rekuti awane mukana wekukutonga. Usatendera zuva kuwira wakango tsamwa chete. Mangwanani asvika, hasha dzazuro mufaro wanhasi uye runyararo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mangwanani asvika! Handirambe ndakaremerwa nezvazuro, kana zvesvondo rakapfuura handizvi tendere kuti zvipinde mune rimwe zuva. Ndinotarudza hupenyu hune mufaro nerunyararo nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Jakobho 1:20

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 13:17–19:10

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, NYAMAVHUVHU 12

MUFANANIDZO CHIVHITI-VHITI CHEBHOKISI

VaKorose 2:6–7 (NIV)

“Saka zvino sezvamakagamuchira kristu Jesu saShe, rambai muchifamba maari, mune midzi uye makavakwa maari, makasimbiswa mukutenda sezvamakadzidziswa uye muzere nokuvonga.”

Wakamboona chivhiti-vhiti chekare chainge bhokisi here ? Zvivhiti vhiti zvebhokisi zvaida mureza kuti zvibate masai sai kusiyanidzwa nedzatave nadzo mazuva ano dzisina izvozvo. Pasina mureza dzaisa bata zvakanaka uye dzaisatomboona zvakanaka, waigona kutotadza kuona dzisingabate masai sai. Semwana waMwari wakabatanidzwa nababa vekudenga, gadzirisa mureza wako nokuverenga shoko raMwari woziva chinangwa cheupenyu hwako panyika ino.

Ukaona wakurasika tarira mureza wako. Wakabatirira hupenyu hunoratidza uMwari here? Gore rino rekudambura ngetani tarira mureza wako wougadzirisa kuti uone chiratidzo cheupenyu hwako zvichibuditswa pachena.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba ndakabatirira pana Mwari nechinangwa chake paupenyu hwangu. Handingarasiki kana mureza wangu uri panzvimbo uye wakabatirira pashoko raMwari! Gore rino mureza wangu wakabata zvakanaka, ndinoona hurongwa hwaMwari pamusoro peupenyu hwangu kuti hwakanakisa! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 15:1

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Verenga) Isaya 19:11–24:6

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, NYAMAVHUVHU 13

NDINORODZWA MUMOTO WEMATAMBUDZIKO

Isaya 48:10 (NIV)

“Ona, ndakakukwenenzvera, kwete sesirivha; ndakakuedza mumoto wematambudziko.”

Kukwenenzvera siriva kunoda moto muzhinji. Muchikamu ichochi sirivha ichibva muvhu inopiswa nemoto wakanyanyisisa, yoiswa muniro yakagadzirirwa kutora zvinodiwa nezvisingadiwi zvinouya zvakabatira pasirivha, ndiro iyi inoisa copper neoiri kurutivi. Panotsva simbi iyi zvese zvisingadiwi zvinobva posara sirivha yakarungwa zvakanaka.

Kazhinji vatendi vanokurumidza kuora moyo kana hondo dzikauya dzakanangana navo kubva kuma tivi akasiyana siyana, zvinodaro nokuti vanhu vanotadza kunzwisisa kuti vari mukati mematambudziko aya vari kugadzirirwa kuti vange vakacheneswa. Sesirivha pasina moto wemuhofoi haugone kucheneswa, unenge uri kure pane zvaunenge uchitarisirwa naMwari. Ramba kurarama uchitya panosimuka hondo dzenyika ino, hakuna hondo inogona kukukurira, unobuda uri mkuru uye wakacheneswa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Wakaipa ari kurwa hondo yaakakundikana. Zvese zvakandiwira zvakandisimbisa nekundichenesa semuranda waMwari. Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 1:6–7

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 24:7–28:22

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, NYAMAVHUVHU 14

UNOFUNGA KUTI URI ANI?

Zvirevo 23:7 (KJV)

“Zvaunofunga uri mumoyo mako ndizvo zvauri. Anoti kwauri idya ugonwa asi mumwoyo make asingadi”

Kazhinji, mubvunzo unoti “Unofunga kuti uri ani?” unoshandiswa kushora munhu kana vanhu vachinetsana nekukakavara, murwendo rwako naKristu, maonero aunozviita ane hukoshwa mukurarama hupenyu hunodiwa naMwari. Shoko riri pamusoro rinotiudza kuti zvaunofunga uri ndizvo zvauri. Tanga kufunga pfuma iri yako, funga kubudirira kuri kwako, funga uri wakawaniwa Nyasha, zvese zvinodiwa muupenyu nehuMwari ndezvako. Ukatanga kuzvitenda mumweya, zvepanyama zvinomanikidzwa kuterera.

Kurarama uchiziva kuti uri ani , kunoitisa kuti usafe wakazvidzikisira kana kuora moyo. Paunobvunzwa kuti uri ani taura nesimba kuti ndinodambura ngetani, ndiri kubudirira muzvinhu zvose zvoupenyu hwangu. Ndiri mugoneswi waMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri izvo Mwari vakandidaidza kuti ndive! Ndinozviona semaonerwo andinoitwa naKristu. Ndiri mudanho repamusoro kune muvengi wangu nezano rake risinga budiriri. Ndiri mumiriri waMwari wokumusoro soro. Kukundikana hakuwanike mumutauro wangu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 2:10

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 28:23–32:20

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, NYAMAVHUVHU 15

KUITA SESHUMBA

Mateu 14:23 (NIV)

“Shure kwekunge avadzina, akaenda kugomo ari ega kunonyengetera. Uye manheru akasvika, akanga aripo ari ega.”

Zvinotozivikanwa kuti musango shumba ndiyo mambo wesango. Waizviziva here kuti shumba inoita nguva yakareba yakarara? Maawa gumi nenhanhatu kusvika maawa makumi maviri shumba ininge yakazorora ichichengetera simba kuti izokwanisa kuvhima! Mundima yepamusoro tinoona Kristu achirambidza vadzidzi vake kunamata voga; chirevo chemunamato uyu chinoonekwa mune zvakatevera. Apedza kunamata oga , akaenda kunoita munana unozivikanwa pasi rose; Jesu akafamba pamusoro pemvura.

Semu Kristu zvinobatsira kuita seshumba , uchinzwisisa kukosha kwekutora nguva uchizvizadza nemunamato. Semawaniro anoita shumba simba yakazorora , unganidza simba wogadzira hupenyu kuburikidza nemunamato. Dai waitenda chokwadi chemweya ichi, mhinduro inotevera inouya yakasimba zvekudengenyetsa nheyo yezvinhu zvawafunga kuti hazviitike.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandinonamata naMweya mutsvene , ndinogadzirira zvese zviri mberi kwangu. Ndinoputsa nekutyora mitemo yenyika ino, ndinobudirira nezita raJesu.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 18:1

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 33:1–37:29

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, NYAMAVHUVHU 16

KUNYARARA HAI SI SARUDZO

Mako 10:48 (NIV)

“Vazhinji vakamutsiura vachiti anyarare, asi akaridza mhere zvikuru, ‘Mwanakomana waDhahidhi, ndinzwirei tsitsi!’”

Imwe nzira inoshandiswa newakaipa kutsausa makristu pahurongwa hwaMwari anotumira vanhu vanoku pesvedzera zvisizvo. Kune vanhu vazhinji vanongouya kuzomisa kukura kwako muhukama naMwari vanongouya sezvimhinga mupinyi kuzovhiringa iwe neropafadzo yako. Vanoti “unonyatsotenda here zvose zviri muhambira” kana kuti “munofanira kusheedzera here muri muchechi? Mundima iri pamusoro Bhatimeo bofu akawana munana wake kuburikidza nekugamuchira kwake shoko. Nyangwe vanhu vazhinji vakamuti uri kuita ruzha iye akaramba kunyarara.

Makristu akanyarara anofa chinyararire; pazvinhu zvemweya runyararo haisi sarudzo yakanaka! Makristu anhasi ari kurasikirwa neropafadzo yavaka gadzirirwa nokuda kwokuti vanotadza kuona huvepo hwaMwari kuburikidza nemaitiro avo. Sebofu Bhatimeo, Mwari vakakupa mukana wekugadzirisa dambudziko rako , usatendera ari parutivi rwako kukunyararidza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi muKristu akanyarara. Kunyarara hachisi chikamu changu. Ndinotaura simba reshanduro riri mushoko raMwari kuti ridzike midzi mukati meupenyu hwangu, zvose zvakanaka zviri kuitika nhasi mukati meupenyu hwangu nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 55:6

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 37:30–40:31

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, NYAMAVHUVHU 17

KUTSIVA NDEKWAISHE

VaRoma 12:18–19 (NIV)

“Kana zwichibvira, napamunogona napo, ivai norugare navanhu vose. Musatsiva vadikani vangu, asi siirai kutsamwa kwaMwari mukana, nokuti kwakanyorwa kuchinzi ‘kutsiva ndokwangu ini ndicharipira,’ ndizvo zvinotaura Ishe

Semukristu, Mwari anoda kuti urame hupenyu husina kufunganya kana kusagadzikana, asi maKristu mazhinji vanozviisa munzvimbo yekutsamwa kunetsana neshungu dzekuda kutsiva avo vavakatadzirana navo. Paunoita izvi, unenge watora basa rakanzi naMwari nderake. Basa rako zvichienderana nezvinokunetsa, kurarama murunyararorwaakakupa kuburikidza nerufu nekumuka kwake kuvakafa.

Ndima yepamusoro inoti , kutsiva ndekwaMwari! Hondo yose ingade kukuparadza inobva kune muvengi haigoni kukurwisa uye inorwiwa naMwari iye mbune. Kubva nhasi zvigumbu nekushushikana, gara munyaradzo yaMwari yekuti anotsiva zvose zvawakarasikirwa nazvo

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handifunganyi nekuda kwezvakanambo ndishungurudza kana zwichazo ndishungurudza. Ndinorarama murunyararo rwandakapihwa naMwari runonditendera kusaona zvandaka tadzirwa nevanhu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 16:33

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 41–44

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, NYAMAVHUVHU 18

MAMIRIRO EKUNZE ANHASI

Mako 4:38–39 (KJV)

Jesu akanga ari mushure megwa, avete pamutsago . vadzidzi vake vakamumutsa vakati kwaari Mudzidzisi hamuna hanya here kana tikanyura? Akamuka akarayira mhopo ikapera uye kukadzikama zvikuru.

Mukati menyika mune zvinhu zvino shanduka shanduka ,mamiriro ekunze kunogona kupisa kana kutonhora, mvura inonaya igotomira mira kunaya, zvinogona kungoshanduka chero nguva! Nenzira imwe cheteyo, hazvina kusiyana kunyangwe neupenyu hwatinorarama. Makristu anovhiringika paanofungira kuti zvavari kupfuurana nazvo zvinofanira kuenderana nemufaro wavainawo. Vanotarisisa rugare kana mari yavo yemubhanga yakavakwanira. Izvi zvose kure nechokwadi

Shoko rinoti, zvaunopindana nazvo hazvina musiyano, kunaya kana kuva nezuva, hazvifanire kushandura runyararo kana muaro wako. Kune Nyasha dzewedenga dzinodzikamisa dutu guru ringakuwira. Tarira mufananidzo wakristu Jesu vakarara zvine runyararo mukati medutu guru.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handivhunduki zviri kuitika munharaunda yangu. Hazvinei nemamiriro ekunze emumweya, handityi hurongwa hwewakaipa. Kuchava nerunyararo muhupenyu hwangu nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Habhakuki 3:17–18

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 45–49

www.goodnewsdailydevotional.com



AUGUST 19 (TUESDAY)

KAZEVE-ZEVE KemaCHINA

Mabasa 17:11

Zvino vaBheria vakanga vaine tsika dzakanaka kupfuura vaTesaronika, nokuti vakagamuchira shoko nemoyo inodisisa uye uchinzvera magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro zvaiva chaizvo

Chinese Whispers mutambo wevana, apo vanogara mumitsara kana mudenderedzwa voudzana nyaya muchizevezeve kubva pane mumwe kuenda pane mumwe. Panosvika nyaya iyoyo kunhu wekupedzisira, zvinoshamisa kuti nyaya iyoyo inenge yashanduka kana kuchinja. Munyika ine masvikiro akasiyana siyana, vazivi, zvitendero zvakasiyana, misoro yenyaya ine mukurumbira muruzvhinji, zviri nyore kukanganisa dudziro yeshoko raMwari nekuda kwenzvimbo inenge yasvikira shoko iroro kana munhu anenge asvitsa nyaya yacho.

Kutekeshera kwaita dzidziso dzenhema, ukasaongorora zvaunonzwa, unokurumidza kuita kuwisiwa pasi nomuvengi. Shoko riri pamusoro rinoti VaBheria vainzvera magwaro ZUVA-NEZUVA kuti vaone zvaitaurwa naPaul chaiva chokwadi here. VAzhinji vanoona kunge kuverenga bhaibheri kupedza nguva vaosarudza kuteerera zviri kutaurwa nemumwe munhu vasina kuverenga shoko raMwari. Sarudza kurava shoko raMwari mukati meupenyu hwako kutanga nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, ndakudzika midzi mukuziva shoko raMwari. Handizungunuswi nemagwaro enhema kana inzwi rewakaipa kuti zvivhiringe nzendo yandinofamba. Ndakaropafadzwa nokupfuurisa. Amen!

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

2 Timoti 3:16-17

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 50-54

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, NYAMAVHUVHU 20

VAMIRIRI VAKRISTU VANOFAMBA NEKUREMEKEDZWA

2 VaKorinde 5:20 (NLT)

Naizvozvo tiri vamiriri vaKristu, sokunge Mwari ari kusvitsa chikumbiro chake kubudikidza nesu. Tinokukumbirai nokuda KwaKristu tichiti. Yananiswai naMwari

Uri kuziva here kuti, semwana waMwari, hautakure Mweya wake chete, asi unotakura huvepo hwedenga pose paunenge uri? Kureva kuti, kunyange uri kuchikoro, kubasa, haufambi nemitemo yenyika bedzi, asi unotakura maitiro edenga. Kumwe kukanganisa kukuru kwaungaita kuzviona iwe nemaziso enyika ino kupfuura zvaunoonekwa nazvo naMwari.

Ziva chinzvimbo chako semumiriri wedenga, unofanira kufamba zvine huremu. Kune kamufambiro kanouya nebasa iri. Unosimudza musoro wogadzirisa mapendekete ako wofamba semunhu ane huremu, ukataura Mwari ataura. Hakuna kutuka kunobata mumiriri wedenga, kutsamwa hakupo ipapo, hunzenza haunzwiki ipapo, hupenyu hwekuvimbika nekururama. Nguva yawaka gamuchira Kristu muupenyu hwako, wakabviswa pazvinhu zvenyika ino ukava wakasangurwa. Uri mumiriri wedenga, shoko raMwari pachezvaro, famba nechiremerera mukufamba kwezuva rako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mumiriri waMwari. Kana vanhu vachindiona, vanoona Kristu achifamba, zvese zvangu chimisikidzo chaKristu. Ndakatakura huMwari saka ndinofamba nechiremerera nezita raJesu. Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 2:9

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 55:1–60:9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, NYAMAVHUVHU 21

KUPA KUNE MHINDURO

2 VaKorinde 9:6 (KJV)

Rangarirai chinhu ichi, ani naani anodyara zvishoma achakohwao zvishoma, uye ani naani anodyara zvizhinji achakohwao zvizhinji

Nhanganyaya edu yanhasi inogona kukushamisa sezvo makristu pasi rose achitarisira kuti ukapa unowana mari asi vasina Havana chavakawana. Hapasiripo pane nyaya yangu! Kupa kwaunoita kunounza zvbereko sezvaka vimbiswa neshoko raMwari. Dambudziko ratinaro mukereke ndere vanhu vanoona sekunge ropafadzo inouya semari kana vapedza kupa.

Kunyange uchiwana ropafadzo remari kubikidza nekupa, unozviziva sei kuti pakadzingwa vamwe basa iwe waisafanira kudzingwao nevamwe, kana kuti hutano hwako hwaisafanira kubatwa nezvirwere kana nyika yako kubatwa nedenda? Shoko rinoti kuna Zvirevo 21v18 “ akaipa achava dzikinuro yavakarurama, kureva kuti , nokuda kwokupa kwako, pakaita chinoda kuuraya akarurama , Mwari achaisa wakaipa panzvimbo yako. Nhasi dzidza nzira zhinji idzo Mwari anogona kukuropafadza nadzo semhinduro yekupa kwako.

CHIIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinopa ndichifara! Ndinoziva pandinopa kuna Mwari, ndinotarisira mhinduro kwete yemari yoga, asi zvese zvine chekuita nehupenyu hwangu, hungava hutano, runyararo, kana zvimwewo!. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 21:18

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 60:10–65:25

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, NYAMAVHUVHU 22

MUZITA RAISHE

VaKorose 3:17 (KJV)

“Chero zvose zvamunoita, nemazwi kana nemabasa, itai zvose muzita raishe Jesu, muchivonga Mwari nababa kubudikidza nalye.”

Pauro paakasvika kumagumo ebasa rake, akataura akati, ndarwa kurwa kwakanaka, nezivo yake yose akaziva kuti apedza basa rake. Ndimba iri pamusoro inotionesa pfungwa dzizere dzaPauro. Pauro akaita zvose muzita raJesu! Nyangwe zviine kunaka kwazvinazvo maKristu mazhinji haafambe muchokwadi ichi.

Unogona here kuti chinangwa chekuda basa raunoda ndichekuti humambo hwaMwari uenderere mberi? Taura chokwadi kuti unoda mota itsva kuti uende kuhurongwa hwese hwekukereke? Zvinhu zvingani zvaunoita kuti ufadze Mwari? Chimbofunga zvibereko zvaunokwanisa kuwana ukapa zvese zvako kuna Mwari nhasi. Unodana vatumwa vedenga kuti vapindire muupenyu hwako kuburikidza nekungoita izvozvo chete nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zvese zvandinoina ndinoita muzita raishe Jesu. Hupenyu hwangu hwose ndinoraramira kumufadza uye ndinotendera Mwari kundipa hupenyu zuva nezuva. Ndichashandisa upenyu hwandinawo kumurumbidza nezita raJesuAmen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaFiripi 2:9–11

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Isaya 66; Jeremiya 1:1–2:25

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, NYAMAVHUVHU 23

HAKUNA CHINOSHAIKWA, HAPANA CHAKAPUTSIKA

VaKorose 1:13–14 (KJV)

“... Wakatisunungura pasimba rerima, akatiisawo muumambo hweMwanakomana waKe waanoda.”watine dzikinuro maari, iko kuregererwa kwezvivi

Vamwe vachiri kutakura mutoro wezvavakatadza vasati vagamuchira Kristu samambo nalshe woupenyu hwavo. Vane maronda ekuzvikuvadza voga nekuda kwezhvinhu zvekare. Vanofunga kuti zvavakaita hazvipere asi dzingori ndangariro dzenhema. Wakaunzwa kuumambo hwemwanakomana wake, nzvimbo isina chaungashaya nzvimbo isina zvakatyoka, wakachenurwa kubva kuurongwa hwewakaipa nengetani.

Kristu akauya kuti zvese zveupenyu hwako zvigadzirike, chese changa chisiri panzvimbo hachina mukana kunze kwekugadzirisika nekuda kwesimba raMwari riri mauri. Haukundikane, wakazvarwa uri mukundi. Simuka nhasi uchinzwisisa kuti zvakare hazvinei nechekuita neramangwana rako. Wakadzikinurwa kubva murima rawaimbenge uri, tenda Mwari zvakare zvapfuura.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hapana chakashota kana kuputsika muupenyu hwangu! Ndakaunzwa kuumambo hwaMwari. Ngetani dzinoda kundibatanidza nemuvengi mugore rino REKUDAMBURA NGETANI, dziri kuputswa nezita raJesu! Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinde 5:17

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 2:26–5:19

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, NYAMAVHUVHU 24

IJIPITA MAFARO ECHINGUVANA

VAHEBHERU 11;25-26

Akasarudza kutambudzwa pamwechete navanhu vaMwari pano kufadzwa kwenguva duku nemafaro ezvivi. Akati kuzvidzwa nokuda kwaKristuipfuma huru kupfuura kupfuma

Nyaya yaMoses munyika dzose inoonekwa semuenzaniso mukuru uyo wakashandiswa naMwari kuratidza simba rake. Chisingazivikanwi nevashinji kukosha kwayo munhorondo yebhaibheri, semuenzaniso wakanaka tinoratidzwa zvakakoshera kusiya mafaro enyika ino nokuti anoguma, Mwari anogona kukushandisa zvikuru kusimudzira hukuru hwedenga. Mosesi asati abva Ijipita ainge aine chigaro nechinzvimbo chikuru, zvinova zvakabudirira uye zvakasimukira pasi rose, muljipita yekare

Zvisinei, shoko raMwari rinoti mafaro enyika chivi. Rangerira kuti pfuma isina Mwari haina maturo! Mosesi akasarudza kushorwa nekuda kwaKristu akaona hupenyu muna Mwari huchipfuura goridhe, ngoda, hunyanzvi hwezvivakwa uye simba reljipita. SemuKristu siya mafaro enyika ino usarudze upenyu husingaperi une mubairo muna Kristu- izvi zvakakosha zvikuru.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mafaro enyika ino handicho chinangwa cheupenyu hwangu. Hupfumi nekukudzwa hazvirevi chinhu kana Mwari vasipo. Ndinoporofita kuti kubva nhasi hupenyu hwangu hwakutarira kuchinangwa chaMwari chekusimudzira humambo hwedenga nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 12:2

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 5:20–8:22

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, NYAMAVHUVHU 25

INZWAI PAANOTAURA

Johani 10:4–5 (KJV)

Kana achinge abudisa makwai ake ose, anofamba ari mberi kwawo, uye makwai ake anomutevera nokuti anoziva inzwi rake. Asi haangateveri mutorwa, asi anomutiza nokuti haazive inzwi romweni.

Chinhu chinokosha zvikuru kugona kunzvera izwi remunhu akatumwa naMwari mukati meupenyu hwako. Shoko raMwari roti haugone kuziva inzwi romuenzi nokuti haana kuunzwa muupenyu hwako naMwari. Mamiriyoni mazhinji ema Kristu anotarisa zvinokatyamadza kuti vatende zvemunyika yemweya, asi shoko rinoti Mwari achashandisa inzwi raakatumira kwauri pane kuti ashandise izwi remuenzi kuti adudzire shoko rechiporofita pamusoro peupenyu hwako

Kuziva inzwi raShe hakunetsi! Ukagadzira ukama naMwari kuburikidza nemunamato uye kushamwaridzana naye, unotanga kunzwisisa shokon rake. Kunyangwe ukanzwa mazwi ezvinhu zvakanwanda asi rake unogona kuziva, unenge wakugona kunzvera wotiza. Dzidza kuyera zvose zvauchanzwa pamusoro peupenyu hwako wogona kuzvipatsanura nezvinotaurwa neshoko raMwari pamusoro pako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva nekunzwisisa inzwi rababa vangu. Handizununguswi nevasina kutumwa naMwari muupenyu hwangu. Kutanga nhasi ndichayera shoko rinotaurwa pamusoro pangu nezvinotaurwa neshoko raMwari pamusoro peupenyu hwangu. Amen

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 10:27

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 9–12

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, NYAMAVHUVHU 26

KUUMBWA NEZVANDINODA

VaHebheru 11:3 (KJV)

Nokutenda tinoziva kuti nyika yakaitwa nikurayira kwaMwari, zvokuti zvinhu zvinooonekwa zvakaitwa kubva pane zvinhu zvisingaonekwi

Ndima iyi inozivikanwa nemakristu akawanda, asi vazhinji havasati vabata zvarakatakura. Rinotiridza kuti kutenda kunoumba chimwe chokwadi cheupenyu hwako. Shoko rekuti kuumba muchi GIRIKI rinoreva kugadzira kana kugadzirisa, kudzosa nekuumba chinhu kuti chidzoke panzvimbo. Semukristu une simba rekudzosa upenyu hwako kurikidza neshoko raMwari.

Kune nzira inofanira kuraramwa nayo nemwana waMwari, ukarama zvinopokana nezvakagadzirwa naMwari kune vano mutevera, tanga kuumba hupenyu hwako nenzira yaunoda. Ramba zvauri kupfuurana nazvo nhasi, une simba risina anopokana naro kuti ugadzirise zvese zvakaku komberedza. Uri muvaki weupenyu hwako, umba hupenyu hwako nezvaunoda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kutenda kwakashanda pakusikwa kwenyika ino ndekwangu. Nesimba irori ndinoumba hupenyu hwangu, ndinoporofita shanduko kuzvinhu zvose zvisingawirirani nechinangwa chaMwari pamusoro peupenyu hwangu nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 11:1

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 13:1–16:9

www.goodnewsdailydevotional.com



HAPANA GONHI RINOVHARA KUBUDIRIRA KWANGU

“Ndinogona kuita zvinhu zvose kubudikidza naiye anondipa simba

Kutaura uchiti “ dai ndangopihwa chikwereti changu ndisiri pandiri nhasi” dai mudzimai uya asina kundibira mari yangu, bhizimusi rangu raifanira kunge ratokura. Kuzvitaura kunoita kunge zvine musoro, iwe uchimisa hupenyu nemari isingashanduri upenyu hwako. Kukanganisa kwevamwe hakutenderwe kudzorera upenyu hwako kumashure. Haugone kushandura maitiro evanhu asi unogona kushandura zvaunoita uinavo. Ari mauri mukuru, uri mukuru kupfuura munhu kana zvinhu zviri kukumisa.

Mwari ane zvizhinji zvaakakugadzirira, hakuna uye Hapana anokumisa kuti ubudirire, hakuna qonhi rinovhara budiriro yako

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kubudirira nyangwe zvodii. Handinei nemagonhi akaedza kundivharira ose ndino mayhura nhasi. Mbiri kunaShe. Amenj.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 1:3

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 16:10–20:18



CHINA, NYAMAVHUVHU 28

HANDIPI WAKAIPA MUKANA

2 VaKorinde 2:11 (KJV)

Kuitira kuti Satani arege kutinyengera nokuti mano ake tinomaziva

Unogona kushamisika kuti bhaibheri rinoti wakaipa haana simba pamusoro peupenyu hwako. Simba rose raachada kuratidza paupenyu hwako inyaya yekuti unenge wamutendera. Vatendi vazhinji havazivi vanopa mukana kune wakaipa zuva roga roga kuburikidza nemashoko avanotaura, nekugamuchira zvinhu zvisina kutenderwa naMwari

Semuenzaniso kangani kawakaraira chirwere kuti chibude muupenyu hwako usati watsvaga mushonga wekuzvirapa nawo? Kangani kawakaraira bhizimusi rako kuti ribudirire usati wachema chema nematambudziko awasangano nawo kune vamwe? Munona hama munaShe, ukatendera wakaipa inomisa munana wako. Kana zvinhu zvisiri kuita zvaunoda kurumidza kutaura shoko raMwari. Usapa wakaipa mukana wekukuudza kuti hazisi kufamba. Panotanga kutema musoro usamhaniyira mushonga, taura shoko kuti upore ramba uchitaura shoko kusvikira wapora.

Chidzidzo chinokosha chauchadzidza mukufamba kwako naKristu kusapa mukana kune wakaipa zvamuchose. Tanga izvezvi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

ndinoramba kupa satani mukana wekuraramira muupenyu hwangu! Mungava muutano, mumhuri, mubhizimusi muzvidzidzo kana kupi zvako. Ndinotaura uye kupupura kurongeka pane zvese zvine chekuita neni nezita raJesu. Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 5:8–9

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 21–24

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, NYAMAVHUVHU 29

NYASHA DZINOWEDZERA MUKANA WEKUGAMUCHIRA

Jakobho 4:6 (NIV)

“Asi anotipa nyasha zhinji, ndokusaka rugwaro ruchiti: “Mwari anodzivisa vanozvikudza asi anopa nyasha kuna vanozvinipisa ”

Hakuna magwaro mubhaibheri anoti unogona kuwedzaera zodzo! Shoko rinobuditsa pachena kuti unogona kupiwa nyasha dzakawanda! Chimbotarira izvi, hotera ine zvinhu zvakakwana nevashandi vanokwanisa kubatsira mazana maviri evatengi. Bhizimusi rakarongeka nekuti vane zvakakwana. Ko kana humwe husiku vakaita vatengi vanopfura churu vobva vatanga kuuya zuva rega rega? Vakasakudza pavanobikira, kuwanda vashandi , kana kuwedzera zvavanoshandisa bhizimusi iroto rinoparara. Dambudziko hakusi kuwanda kwevatengi asi kushaya nzvimbo inogona kuvagamuchira

Saizvozvo, vamwe vatendi vanokumbira makomborero ingava mari, fundo, rudo vasina Nyasha dzenogona kuchengeta zvavanoda. Nyasha dzinowedzera kugamuchira, sezvakaita hotera inogona kukura kuti ikwane vatengi vatsva, tinokura munyasha kuti tigamuchire maropafadzo. Bhaibheri rinoti munhu wese akapihwa chiyero chake chenyasha, usagara pane zvawakapiwa bedzi, kura munyasha idzodzo. Unogona kuita izvi kuburikidza nekukura mushoko raMwari. (2Petro 3:18) inoti kura munyasha. Pinda mushoko uone nyasha dzekugamuchira dzichiwedzera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kugamuchira kwangu kunowedzera nyenyasha! Kubudirira ndizvo zvose zvandinaita. Nyenyasha ndakagadzirirwa upenyu hwakarongeka. Handikundikani nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 4:7

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 25–27

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, NYAMAVHUVHU 30

SIMBISA MWEYA WAKO

VaRoma 8:26 (NKJV)

Saizvozvowo, Mweya anotibatsira mukusava nesimba kwedu. Nokuti hatizivi zvatinofanira kunyengeterera nokugomera kusingatsananguriki namashoko.

Muviri wako haasiriye munhu asi unoshanda semba. Uri munhu weMweya hakuna anoona munhu wemukati kunze kwaMwari! Imwe nzira inokudza mweya wako kutaurea nendimi. Makristu mazhinji akafanana nemumhu anomutsa motokari vobva vaisiya yakadaro, ine kwainga enda yoga here? Mhinduro ndeye kuti kwete, ukamutsa mota ukasatsika mafuta unenge uchiuraya bhatiri remota. Nenzira imwecheteyo, kumutsiridza mweya wako handi kunamata kamwechete wobva wadzokera kune zvawaiita kare, unoramba uchiwedzera kusvikira zvaita.

Nokusimudzira mweya wako, unogadzira nzvimbo yekuti munhu wemukati anopedzesera aneimba kukunda nyama yako. Unotanga kuziva kuti mweya wangwarira uye unotanga kuona zvinhu maonero anoita Mwari. Unoona vamwe neziso rine rudo, ngetani hazdingatowanaimba dzinotanga kudambuka kana paine rudo. Kutanga nhasi iva nenguva yaunotaura nendimi – ndiwo mukana wakungwadza uye kuchenjeda mweya wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muviri wanguimba yemunhu ari mukati anova inini. Ndiri mweya unoshanda kuburikidza nerudo. Ndichinamata nendimi mweya wangu uri kungwadzwa, kuti ndigone kushandura nyika yangu kuti iite zviri nani nezita raJesu! Amen

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 18:1

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 28:1–31:20

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, NYAMAVHUVHU 31

HUPENYU HWANGU HWAKASIYANA

1 Johani 5:13 (NIV)

“Ndiri kunyora izvi kwamuri, imi munotenda muzita roMwanakomana waMwari, kuti muzive kuti mune upenyu husingaperi.”

Zvinosuwisa kuziva kuti makristu mazhinji Havana kudzidziswa kuti vane upenyu husingaperi hwavainawo. Vazhinji vararama hupenyu hwese vasingazivi chokwadi ichi kuti chakabva kuna Mwari achitaura nevana vake, avo vakangonzwao nezvazvo vanotenda muupenyu husingaperi vachinge vafa. Sei mukristu achitambura neurwere wegomarara , sei vachifa neurwere huri mumuviri yavo? Ndimba yepamusoro inoti Mwari akapa avo vanotenda maari hupenyu husingaperi! Hupenyu hwauinawo hwakasiyana neuronaramwa neavo vanorarama munyika yerima.

Shoko rinotizivisa kuti kana Mweya akasimudza Kristu Jesu kuvakafa achirarama mauri, achahupao kunyama yako! Uri chisikwa chitsva muna Kristu, usatendera kunyeberwa uchitenda hurwere nezvimwe zvinoshunguradza nyama yako kuti zviite kunge ndiko kurarama kwacho, hupenhyu hwako hwakatosiyana.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwandinorarama hune mutsauko kune vano rarama munyika ino. Hurwere haundibati! Pandakagamuchira Kristu salshe namambo weupenyu hwangu ndakapihwa hupenyu hutsva. Ndinorarama muchokwadi ichocho! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:11

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jeremiya 31:21–33:26

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, GUNYANA 1

SHHH!

Muparidzi 5:2 (NKJV)

“Usakurumidza nomuromo wako, usakurumidza mumoyo mako kutaura chipi zvacho chinhu pamberi paMwari. Mwari ari kudenga uye iwe uri pasi, saka mashoko ako ngaave mashoma

Kune chirevo chinoti, “Kunyarara hakugone kutaurwa zvisirizvo.” Pamberi pevanoremekedzwa mashoko anofanira kuongororwa uye anofanira kuita mashoma. Madzimambo, varidzi vemabhizimusi nevaya vane zvigaro zvinoremekedzwa chengetai mazwi nokuti nokuti shoko rimwe nerimwe rine huremu hwarino takura. Kutaurisa kunopedza simba remumweya. Bhaibheri rinotichenjedza kuti kana mashoko ari mazhinji chivi hachishaiki. Vanhu vakakudzwa vanoratidza simba ravo nemashoko mashoma nokuti vanonzwisisa kuti simba rinoratidzwa nekutaura. Kuchengetedza kukudzwa kwako taura zvinhu zvine basa uye zvine chirevo kune vanokunzwa, kusanganisira iwe.

Chengeta mashoko ako sezvinhu zvinokosha. Dambura ngetani yemashoko asina basa. Usataura zvisina maturo kana kupindura zvisina kukwana. Kana uchinyengetera, uchitaura nhunha dzako, taura zvine chirevo uchitenda kuti mazwi ako akatakura simba rokudenga. Funga usati wataura, uchiziva kuti tsindidzo yemashoko ako yakazara kutenda. Dzidza kuzvidzora, uchiziva kuti kunyarara kune simba kupfuura kuita ruzha.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura chirevo chekuti mashoko angu akayerwa, ane chinangwa, uye akasimbiswa nesimba rekudenga. Mashoko angu ane simba, rekuvhura masuo, nekuunza mhinduro. Ndinoramba kupedzerwa simba nemashoko asina maturo. Ndotaura mashoko mashoma anobata moyo. Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 10:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Jeremiya 34–36

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, GUNYANA 2

PUTSA NGETANI DZEKUSHORO- PODZWA

Mako 7:13 (NKJV)

Nokudaro munoparadza shoko raMwari nokuda kwetsika dzenyu dzamakachengeta kusvika zvino. Uye munoita zvinhu zvizhinji zvakadaro.

Uri mbeu yeshoko risina huori, inzwi raMwari rakanakisisa (1Peter 1:23). Mweya hwehunaku uri mauri, uye wakaumbwa nemufananidzo wakanakisa waMwari asingagume. Kushoropodzwa kunoshoresa chipo chwedenga chawakapiwa , zvigokonzero kuti chipo chawakapiwa chishaye basa. Kushorwa kunouraya Tariro kuchikonzero kuti vakakudzwa vararama upenyu husina basa. Tsika, kuzorora, nemifungo yakashoreka zvinodzora simba raMwari pamusoro peupenyu hwako. Ukagamuchira kushoropodzwa unodzora simba remukundi rawakabarwa naro muna Kristu.

Ramba kuita munhu wepakati nepakati! Kushoropodzwa ingetani inokuchengeta muutapwa hwekungova munhu wepakati nepakati. Zvose zvako, mashoko ako, zvinangwa zvako nemafungiro ako zvakagadzirwa kuti zvizibuditse kugona kwako. Une pfungwa dzaKristu, shoko rinokuraira kuti urambe uine Tariro pazvinhu zvakanaka. (Vafiripi 4v8). Simudza chikero chako, taura, funga, woita zvakanaka zvinoita nemusiki wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovivisa uye ndinoraira kuti handisi wekushoropodzwa. Mweya wezvakanaka uri mandiri unoramba kuputsika. Ndakasunungurwa pane zvose zvingade kundimisa uye ndinofamba mukuzara kwenyasha dzaMwari. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaFiripi 4:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Jeremiya 37:1–41:10

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, GUNYANA 3

SIMUKA UWADZANE NEMADZIMAMBO

Isaya 60:3 (NKJV)

“Marudzi achauya kuchiedza chako, uye madzimambo kukubwinya kwake kunoratidzwa pamusoro pako .”

Kushingirira kunokunda kushanda nesimba, zvine hungwaru, kuramba uchishingirira netariro yezvinhu zvakanaka. Basa rakanaka rinosiyanisa avo vanoshingirira vasingaonekwi kune avo vanosimuka nemukurumbira. Shoko rinoti madzimambo, vanhu vakuru uye vane simba, vachauya pakusimuka kwako. Asi kuti izvi zviitike, iwe unofanirwa kutanga wasimuka! Kukwirira kwako ndiko kunokwezva vanhu madzimambo. Vane usimbe, vasinga shingirire, nevanoramba vachipa zvikonzero vanoramba vakavanzwa, asi vanoshingirira vane mukana wekuonekwa pajekerere.

Iri igore rako rekusimuka! Ramba kusungwa nengetani yekutya, kusava nehanya, kusava nekutenda, kana zvikonzero, vandudza unyanzvi hwako, rodza basa rako wovaka bhizimusi rine unyanzvi. Kana zvichida kudzidzirwa enda unodzidza. Kana zvichida kuitwa nemumwe mutoo, ita izvozvo. Chero zvinoita kuti usimuke, SIMUKA. Mkana wako wakakumirira naizvozvo unouya nekusanganiswa nevamwe, Nyasha nemukana wekutura nemadzimambo

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa uye ndinoraira kuti ndinosimuka pamusoro pezvose zvingade kundimisa. Madzimambo anokwezvwa nechiyedza chekusimuka kwangu. Ndinorarama munyasha dzeuchenjeri, zivo nehunaku, bhizimusi rangi rinobudirira. Nezita raJesu vatengi vanouya kubhizimusi rangi, vachitsvaga umhizha, zivo nezvandinotengesa. Amenii!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 22:29

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Jeremiya 41:11–45:5

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, GUNYANA 4

GONA KUKAMURA SIMBA

1 VaKorinde 14:4 (NKJV)

“Unotaura nendimi, anozvivaka, asi anoporofita anovaka kereke.”

Magetsi anofamba nemutambo achipa simba mudzimba nemuma bhizimusi. Kuti simba remagetsi rishande rinofanirwa kuenderana nezviri kuda kushandiswa, rinopfura nemutambo uye zvikamu zvinoenderana nepazviri kushanda zviri. Imba ingangoita magetsi asi ukasamabatidza chiedza chawo chinoramba chakadzima. Simba riripo asi rinoda kukamurwa kuti rishande.

Mutemo mumwecheteo unoshanda paunotaura nendimi. Kutaura nendimi kunobuditsa simba raMweya mutsvene risina kupatsanurwa. Asi kuti rishande gona kuri kamura. Bhaibheri rinoti chengetai moyo wangu zvoreva kuti iva nechinangwa. Mumwe mutauro woti ndipei mifungo isina kusiya. Pfungwa dzako dzogona kungofunga zvisina basa iwe uchinamata, dzotombotiza kuenda kune zvawanga Uchida kuita, nyaya dzekare kana chero chinongovhiringa paunonamata. Paya paunobatidza magetsi anoenda pane chawabatidza, dzora ndangariro dzako dzidzoke pane chauri kunamatira. Funga simba richipinda mumuviri wako, rounza kuporeswa kwawanga Uchida. Kana Uchida zambuko nyatsozviona uchikunda. Kana vari vatengi vaone vakazara pabhizimusi rako. Usangoita simba ziva parinoda kushanda riri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovivisa: pese pandinonyengetera nendimi, simba rinoburitswa, uye ndinoritumira kungetani dzose! Pfungwa dzangu dziri pachinangwa changu, hana yangu yakarongeka, hapana simba rinorasika! Ndinoraira simba rewedenga kune zvinhu zvole zveupenyu hwangu nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 86:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Jeremiya 46–48

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, GUNYANA 5

KUDANWA NAMWARI

2 Petro 3:9 (NKJV)

“Mwari... haadi kuti munhu aparare, asi kuti vose vasvike pakutendeuka.”

Kutapwa kukuru kunogona kusangana nomunhu ndiko kurasika pasina ruponeso. Chivi chinosunga vanhu, chichivapofumadza pachokwadi, chichivachengeta panzira yekuparadzwa. Asi chido chakanyanya chaMwari ndechekuti uve wakasununguka, uve weimba yake, ugare naye nokusingaperi. Bhaibheri rinoti, “Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri, pakuti tichiri vatadzi, Kristu wakatifira” (VaRoma 5:8). Zvinoreva kuti zvese zvinodiwa kugadzira hukama hwako naMwari zvakaitwa. Ramba uchitenda!

Usatendera chinhu chipi zvacho kukubvisa mukuita sarudzo yakakosha muhupenyu hwako. Ramba kusungwa! Musuwo weruponeso wakashama, Jesu iye ari kukudana. Namata munyengetero uyu nerutendo:

CHIREVO CHEUFANANIDZO

Ishe Mwari, ndinouya kwamuri muzita raJesu Kristu. Ndinotenda nemoyo wangu wose munaJesu, Mwanakomana waMwari mupenyu. Ndinotenda kuti wakandifira, Mwari vakamumutsa kubva kuvakafa. Ndinotenda kuti mupenyu nhasi, uye anoda kuti ndigare naye kudenga. Ndinotaura nemuromo wangu kuti Jesu Kristu ndiye Ishe wehupenyu hwangu kubva nhasi. Nditenda, Ishe, nekuponesa mweya wangu! Ndava mwana waMwari. Hareruya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 3:16–17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Jeremiya 49:1–51:10

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, GUNYANA 6

HAKUCHAZOVEZVE

Johani 8:36 (NKJV)

“Saka kana Mwanakomana akakusunungura, wava wakasununguka chaizvo.”

Shoko rokuti “Hakuchazovezve!” rine kukosha kukuru munhau yechiJudha. Mushure mekupotsa kwavakaitwa, vakati “Zvakaipa zvakadai hazvizombouyizeve.” Hazvina kungova shoko, asi mhiko, chivimbiso, kugara vakasununguka. Izviwo zvinofanira kunge zviri chirevo chedu kana ngetani dzaputswa muhupenyu hwedu.

Mugore rino reKUDAMBURA NGETANI, vakawanda vasunungurwa pane zvirwere, nhamo, hukama hunovava, kutya uye kudzvinyirirwa. Asi rusununguko harusi chiitiko chimwe—pfungwa yemaitiro. Unofanirwa kuti: “Handicharwisani nehurombo,” “Handichagari muurwere,” “Handina kutongerwa kutya, kusiwa, kana kutadza!” Nahumi 1:9 inoti, “Dambudziko haridzokizve kechipiri.” Ramba kusungwa nechinhwa chimwe. Kana wava wakasununguka, gara wakasununguka!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa “HAKUCHAZOVEZVE!” pane zvose zvakandisunga: kutya, kurwara, kushaya, hukama hwakaipa. Ngetani dzakaputswa, handizodzokeri mumusungo. Dambudziko haridzokizve kechipiri muhupenyu hwangu! Ndinofamba murusununguko rwakakwana, nekuti Mwanakomana akandinunura, ndava wakasununguka zvechokwadi! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaGaratiya 5:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Jeremiya 51:11–52:34

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, GUNYANA 7

TUNGAMIRIRA UPENYU HWAKO NEMAZWI AKO

Jakobho 3:4 (NIV)

“Kana kuti ngatitorei zvikepe somuenzaniso. Kunyange zvakanakura sei uye zvichisundwa nemhepo ine simba, zvinofambiswa nechifambiso chiduku duku kwose kwose kunodiwa kuendwa nomuchairi.

Chikepe chakanakura chaizvo, asi hachizoshande zvakanaka pasina chifambiso—chidikidiki chinorairidza kufamba kwacho. Chifambiso ichocho ndicho chinovitsa kana kurasisa kuri kuenda chikepe. Rurimi rwako “chifambiso”! Nemashoko auri kutaura, unotungamirira upenyu hwako, wotsvaga pokugumira. Sezvakaita Mwari paakataura, “Nyika uvapo,” mashoko ako, auchataura nerutendo, ane simba rokuumba ramangwana rako.

Kana uchida kukunda, taura kukunda. Kana uchida kuporeswa, taura uporeswe. Kana uchida kugamuchira, namata, utaure, uchiunza nzira. Mashoko ako haasi asina basa—ane simba romweya rinotungamirira kuchinangwa. Ramba kutaura kutya, kushaya, kana kukundikana. Asi tora hutungamiri hwehupenyu hwako nekumisikidza zvirevo zvako neShoko raMwari. Izvi ndizvo zvogadzira ramangwana risina kusungwa nengetani, famba uchiita zvine chokwadi uye zvakarongeka.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovivisa: rurimi rwangu chifambiso chinoendesa hupenyu hwangu mubudiro! Ndinotaura utano, upfumi, budiro, munzira yangu. Hapana dutu rinondiburitsa mundima, nekuti mashoko angu anobatana neShoko raMwari. Ramangwana rangu rakakomborerwa, rakachengetedzwa, rizere nyasha! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 11:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Kuungudza kwaJeremia 1:1–3:51

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, GUNYANA 8

MUSUNGO WERUOKO RWAKAVHARIKA

2 VaKorinde 9:6 (NIV)

“Uyo anodyara zvishoma, achakohwa zvishoma; anodyara zvizhinji, achakohwa zvizhinji.”

Vavhimi vazhinji vanoshandisa nzira diki diki asi ichishanda zvikuru kubata tsoko. Vanoisa chikafu muchivharo chidoko chinongokwana ruoko rwetsoko. Panobata tsoko chikafu inopfumba ruoko zvekuti haikwanise kubuditsa ruoko rwayo. Rusununguko runongoda kuti usiye chawakabata, asi tsoko inoramba kusiya chayakabata. maKristu mazhinji anorarama upenyu hwakadai, hwekuramba vakabagirira vachitya kusiya.

Bhaibheri rinonyatso ratidza kuti ruoko rwaMwari rwakavhurika kutikomborera (Pisarema 145:16). Sezvo takagadzirwa nomufananidzo wake, isu tinofanira kudzidza kuvhura maoko edu. Kupa ndiyo nzira yeruponeso. Paunopa uchifara, unozarura musuo wekupihwa nedenga, uchisununguka kubva paushoma, uchigamuchira makomborero anopfuura miganhu. Ibva pamusungo wekunyima, urambe mweya wekushaya moyo murefu. Chivimba kuti unenge wazvinanganisa nedenga, wosunungurwa kubva muurombo pachidururwa ropafadzo isingagumi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa: ndinopa ndichifara, maoko angu akavhurika kupa nekugamuchira! Ndino simuka kubva pamusungo wekunyima, ndichipinda mukugarika kunoshamisa. Ndichigara ndichipa zvakanwanda, ndichawana zvizhinji, uye upenyu hwangu hunofashukira nemakomborero aMwari!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 11:24–25

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Kuungudza kwaJeremia 3:52–5:22; Ezekieri 1–2

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, GUNYANA 9

UPENYU HWEKUPINDA PAKADZIKA

2 VaKorinde 5:21 (KJV)

Mwari akaita kuti uyo akanga asina chivi ave chivinokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari

Pakandakanzwa inzwi raMwari makore apfuura richiti “tapinda muchikamu cheupenyu hwakadzika,” zvaisava nenyaya. Haugone kutanga kuenda makadzika naMwari wobva wadzokera kuma shure. Pamunopinda makadzika naMwari ndapauchaona kuti unonyanya kumudisisa. Pasina kuteerera Mwari, haunganzwisisi kuti kururama chii. Kusvikira kutya kwaMwari kwadzika mumuviri wako, kururama kwaKristu kunoramba kusingawanikwi pachena mukati mako.

Kana uchida kuona nyasha zhinji, zviratidzo, zvikuru, unofanira kunyura mukunyengetera, nekudzidza Shoko raMwari izvi zvinoita kuti nekuwadzana naMwari. Mugore rino rekuDambura Ngetani, zvinhu zvinogona kukurwisa kuti uwire pasi, asi usakanganwa kutsvaga mupi wezvose, Jesu Kristu! Ngakuve nekunyanza kuda lye kupfuura zvimwe. Uchawana kubwina kwesimba neRudo rwake.

CHIREVO CHEUFANANIDZO

Ndakadanwa kubva murima kuti ndive nyeredzi inopenya kunyika. Ndinorarama upenyu hwakacheneswa, ndisingabati zvinhu zvaMwari nenzira yakajairika. Ndinozvipa kunaKristu zvizere! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 2:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 3–8

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, GUNYANA 10

CHIBAYIRO CHAKARAMBWA

Genesisi 4:5 (KJV)

“Asi Kaini nechipiriso chake haana kumugamuchira. Saka Kaini akatsamwa zvikuru, uye chiso chake chikaunyana.

Shoko rechiHebheru rinoshandurwa kuti “kudza” mune ndima iyi ndere kuti “shâ’âh,” zvinoreva kuita njere, kuongorora, kutarisa, kufunga zvakadzama. Bhaibheri rinoti Mwari haana kuyemura chipiriso chaKaini—mune rimwe dudziro, chakarambwa. Ichi chidzidzo chikuru—hazvisi zvose zvipo zvinogamuchirwa naMwari.

Chipiriso chaKaini chairatidza rukudzo nehukama hwake naMwari. Rukudzo nekuremekedza kwako Mwari kunooneka nekupa kwako. Makristu mazhinji havakoshese kupa vanopa zvinenge zvasarira kuna Mwari, kumubata sekunge akaomerwa vanhu vanonguunza chero. Kupa kunoratidza moyo wako, ndiwo mufananidzo wako wekutenda, nemuyero wekuti unomukudza zvakaite sei. Kupa kwako ngakuve kuine zvakarongwa ngazviitwe nemoyo wose, nemufaro uye kutenda. Rino igore rako rekudambura ngetani ipa semunhu ari kuziva kuti mhinduro yako yasvika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinopa zvino zungunutsa Umambo hwaMwari. Kupa kwangu kunoita kuti denga rishande nokukasika muupenyu hwangu. Handidzokeri Kumashure! Pandinopa, ndinoziva Mwari anowanza mbeu yangu, kundipa zana rakatowanda. Hareruya!

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

1 Johani 3:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 9–12

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, GUNYANA 11

UROYI HURI PACHENA

Ekisodho 7:12 (KJV)

umwe neumwe akakanda tsvimbo yake pasi uye ikava nyoka. Asi tsvimbo yaAaron yakamedza tsvimbo dzavo.

Makore akapfuura, ndichiri mwana mudiki, mutambi wemashiripiti aikokwa kuchikoro chedu, vamwe vakashamisika nemasiripita aaiita. Akadana hanzvadzi yangu kumberi, ikasimudzwa mumhepo, akaisa zvidenderedzwa zvesimbi kuti zvionekwe kuti Hapana aige akamubata.

Mushure menguva iyoyo, takamubvunza hanzvadzi yangu zvaiitika, ikati, “Ruoko rwangu rwakanga rwakasungwa nengetani isingaoneke, ndichiremba mumhepo. Zvisinei munhu wese akafunga kuti mashiripiti echokwadi, asi pachokwadi aishandisa masimba edhimoni.

Nzwisisa kuti mweya wetsvina inokonzeresa zvakawanda ukaiita Shamwari yako. Nhasi, ndinozivisa kuti ngetani yese isingaoneke inorwira mari yako, kufambira mberi kwako, nechinangwa chako, inopadzwa nomoto. Mugore rino reChain Breaker, mari yako yaveko ikozvino! Itore!

CHIREVO CHEUFANANIDZO

Ndiri Mudamburi wengetani uye ndinopfuura pandaka tirirwa.” Hapana huroyi hunondikanganisa, kana mhuri yangu. Ndakasununguka, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mabasa 13:8–10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 13:1–16:43

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, GUNYANA 12

CHOKWADI CHEKUBVUTWA

Mateu 24:31 (KJV)

Uye achatuma vatumwa vake nokurira kwehwamanda kukuru uye vachaunganidza vasanangurwa vake kubva kumhepo ina dzenyika, kubva kuno rumwe rutivi rwedenga kusvikira kuno rumwe

Zviri nyore kukanganwa kuti tiri kurarama mumwaka wekupedzisira wenyasha, kunova kumagumo. Zita rekuti “eschatology” rinoreva zvidzidzo zvenguva yekupedzisira, zvoreva kuti nguva yokubvutwa yava pedyo. Kunyangwe vamwe vanotenda mubhaibheri, vanotaura nendimi, vakazadzwa namweya Mutsvene havagadzikikane kana potaurwa nyaya iyi. Mukati memoyo yavo vanongoti Mwari tipeio nguva yakawanda. Vanoda kutanga varoora, kuva nevana, kumboona nyika, uye nekugadzirisa hupenyu hwavo. Asi rangarira zvimwechetezvo zvakaitika panguva yaNowa Vaidya, kunwa, kuroodzana kusvikira mafashamu emvura auya.

Mwari haana kumirira. Pakasvika nguva yakatarwa, areka yakavharwa, mafashamo akamedza nyika. Saizvozvo, kubvutwa kunouya sembavha usiku. Asi kwatiri vanotenda hazvisvikire sekunga tasvikirwa nembavha. Hatisi murima. Tinofanirwa kugara takagadzirira nguva dzose, tichitarisira uye tichirindira Ishe wedu, ari kuuya nokukurumidza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirira kubvutwa! Kudzoka kwalshe kunenge kuri zuva rakanaka kwandiri. Ndichava mufambi wekutanga pakuenda, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvakazarurwa 11:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 16:44–20:17

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, GUNYANA 13

PAMUSIKA

Mabasa 16:19 (KJV)

Vatenzi vomusikana akanga ari nhapwa vakaona kuti tariro yavo yokuita mari yakanga yapera, vakabata PauronaSairasi vakava zvuzvurudzira pamusika pamberi pavatongi

Nyaya yaPauro naSirasi inotaura nezvekuedzwa uye kukunda , nehushingi pamberi pezvimhingamupinyi. Vakasangwa nzvimbo yekuti vaende kudare kunotongwa , vakazvuzvuridzirwa kumusika! Izvi zvaisava pamutemo nokuti yaiva nzvimbo yokutengesera. Izvi zvino kuonesei? Wakaipa anoda kutengesha mwera wako! Wakaipa anenzira yekuisa vanhu pamusika kuti vashandurwe vabatirane nemwera yakaipa.

Asi kwete iwe! Usava benzi kunzwa zano rake. Une seregweta kushandisa mutemo mumazano ewakaipa nehama dzake. Iva nesimba pamusoro pekumbunyikidzwa newakaipa anoda kutengesha, runyararo, hutano, kukunda kwako kuti ukundikane. Zvisimbise zvakananyanya kuti usava muranda kwazviri. Iva nesimba pamusoro peurwere kana kungodzungaira panzvimbo imwechete. Rino igore rako rekudambura ngetani, ramba kutengeswa pamusika wasatani

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kuendeswa pamusika wadhiyabhorosi. Ndineimba rewekumusoro kudenga, uye ndinofamba nekukunda. Handisi muranda wenzira dzewakaipa mugore rino nekusingaperi. Rumbidzai Mwari. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mabasa 25:7

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 20:18-22:12

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, GUNYANA 14

KUSUNUNGURWA

Mako 5:4 (KJV)

Nokuti kazhinji aisungwa maoko namakumbo, asi aidambura ngetani napakati uye achivhuna simbi dzaiva pamakumbo ake. Hakuna munhu aiva nesimba rokumukunda

Murume wekubatwa nemweya wetsvina mundima iyi aisungwa nevarume vehumhare asi aidambura, pese paaisungwa aizvisunungura. Hakuna simba romunhu raigona kumumisa nokuti kwaiva nesimba remweya raimugonesa kuita zvaaita. Vanhu Havana kuziva kuti kwaisangova kurasika kwenjere chete asi paiva nemweya wakaipa wainge wakamubata.

Mundima 5, Jesu akataura nemweya waiva mukati make, tikaona kuti ainge akabatwa nemweya warigioni kwete mumwechete kana mweya miviri asi zvuuru zvomweya wetsvina. Chese chakaipa hachingoitika chinenge chakonzereswa nemuvengi. Satani anoshanda akahwanda asi achikonzeresa muupenyu hwevanhu nehurongwa hwavo. Ukamupa mukana anokuudza kwekuenda . Ramba kusungwa! Yava nguva yekuti usimuke pamusoro pezvinongotarisiwa nevanhu, zvizadze neshoko raMwari zuva nezuva kuti uwane zano nenzira yekufamba nayo. Paunoita izvi uchashamisika nekusimukira kwauchaita gore rino rekudambura ngetani, nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi munhu wekusungwa nemweya yakaipa. Muviri wangu itembere yaMweya Mutsvene, ndinoramba mweya yakaipa, nekuti ndakaberekwa kuti ndive mutongi nekukunda naKristu, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 8:29

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 22:13–24:27

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, GUNYANA 15

JESU, MUPORESI WAKO

Ekisodho 15:26 (NKJV)

... haangauyisi pamusoro penyu zvirwere zvose zvandakauyisa pavaljipita, nokuti ndini Jehovha anokuporesai

Muzvinyorwa zvechiHebheru, shoko rinoshandurwa kuti “kuporesa” ndere kuti Rapha, rinorevawo kuti mushonga. Zvinoreva kuti Mwari ari kuti, “Ndini Ishe, nachiremba wako. Zvinodakadza sei kuti musiki wepasi rose ndiye chiremba wako! Kusiya nana chiremba vatinawo mumwe nemumwe achiita basa rakasiyana nemumwe, vamwe vanoongorora zvemabhonzoro, vamwe ndeve ganda rako, vamwe ndeve moyo, chiremba Jesu anoita nekugona zvose.

Iye akakusika uye anoziva zvese zvako, kunze nemukati. Haangorapi zvepamusoro, anodzoreredza oshandura nekuumba zvimwe zvitsva. Ukaita nhengo yausina kana yakakuvara zvekusagadzirika, anodzoreredza panzvimbo pasina marwadzo kana kuvhiyiwa. Hakuna chakamuomera uye hakuna chirwere chino mukunda. Hutano hwako hwakarongeka! Jesu anoda uye anogona kukuporesa izvezvi, kwete mangwana kana svondo rionuya asi izvezvi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama muhutano hwedenga! Zvirwere, matenda, hazvina nzvimbo mumuviri mangu. Ndinogara ndichionekwa naChiremba mukuru, upenyu hwangu huzere kubudirira ikozvino nokusingaperi, muzita raJesu! Hareruya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 103:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ezekieri 25:1–28:10

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 16

NANGANA NEZVINOKUNANGA

Mateu 4:1 (KJV)

“Zvino Jesu akatungamirirwa nomweya kurenje, kuti aedzwe nadhiabhozi.”

Jesu akaendeswa neMweya kurenje kuti anangane nadhiabhorosi pachake, kwete dhimoni bodo, asi iye satani pachake! Muvengi akapotserwa kurwisa kwake kose kwepamusoro, kukanda zvose zvinovhundutsa kuna Jesu, iye mumwe chete akamusika! Asi tarisa chimwe chinhu chinofadza apa, Jesu haana kuitisana nhoro kana kuedza kutiye Satani nekumuyeuchidza kuti ndini Musiki. Pakudaro, akadavira achishandisa shoko raMwari.

Nguva imwe neimwe Satani aimuedza, Jesu aitura zvinesimba kuti: “zvakanorwa!” Akamudzorera kurwisa achishandisa shoko rakare kare. Izvi zvinotaridza simba rakakurisa rakatakurwa mushoko rakanyorwa, shoko rakanyorwa raMwari. Kana Jesu pachake akanangana nadhiabhorosi achishandisa magwaro, ko isu tingada kushandisa chii? Kurwisa kwese kuri kungabva kumuvengi kune kudzorera kwakakufanira kubva mushoko! Rishandise zuva nezuva muwanano, hupfumi, ne hutano uone muvengi achiitiza nekukundwa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakanyudzwa mushoko! Handingatongovi mukuvadzwi wekurwisa kwemuvengi. Shoko raMwari ndicho chombo change, mudziviriri wangu uye kukunda kwangu. Chombo chose chinotyisa chemuvengi chichadonha pasi chogurika muzvidimbu zvizhinji. Rumbidzo kuna Ishe! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Ruka 4:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 28:11–31:18

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 17 (CHITATU)

WAKAMBOEDZA JESU HERE?

Mateu 9:20 (KJV)

“...Mukadzi aiva neropa makore gumi nemaviri, akauya kumashure kwake, akabata mupendero wenguo yake.”

Kwemakore gumi nemaviri, mukadzi uyu akaedza zvese zvaikwanisa, kubva kumadhokotera kusvika kunana mazvikokota, asi hutano hwake hauna kana kumboita nane. Kutonyanya kuipa kwazvo, pfuma yake yakapedzwa, tariro yake yaipera pakuedza kwega kwega kwaaiita. Akange pererwa nesarudzo.

Asi ipapo, akanzwa nezva Jesu! Kutenda kwake kwakakura achimanikidzira nemukati mechaunga, achitaura zvinesimba mumoyo make: “kana ndikangobata chete mupendero wenguwo yake, ndichaporeswa!” Hapan akamboturika maoko pamusoro pake. Akagamuchira kuporeswa kwake kuburikidza nekutenda badzi! Kusangana kumwe chete naKristu kwakashandura nhoroondo yake zvachose.

Ko iwewe? Urikutarisa kwese kwese kana kuna Jesu? Ndiyo sarudzo yako yekutanga or ndiko kwaunozoina pekupedzisira? Mugore rino rekudambura ngetani, mahwekwe mamwe chete naJesu achadamburo zvidzivisi zvose muupenyu hwako! Zvisinei nemamiriro ezvinhu ako, kunyangwe uchida kupora, kusununguka, kana kubudirira, uchapupura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazvarwa kuburikidza naMwari! Zvirwere, kushomeka, zvakabviswa kure neni. Ndinorarama muhutano hwekudenga, ndakakomboredzwa nengirozi dzoruchengetedzo, uye upenyu hwangu huchapupu hwesimba raMwari. Hareruya!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Maraki 4:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 32:1–34:24

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 18 (CHINA)

NAMATA UYE RUMBIDZA ZVISINEI NEMAMIRIRO EZVINHU

Mabasa 16:23 (KJV)

“Vakati vavarovera shamhu zhinji, vakavakanda mutorongo, vachiraira murindi wetorongo kuti avachengete zvachengetedzwa...”

Pauro naSirasi vakasungwa, vakarohwa, uye vakakandwa mutirongo, asi mhinduro yavo haina kuva yekuraso tariro, kushungurudzika, kana kuita hashu asi kunamata nekurumbidza kuna Mambo wemadzimambo! Nyatsotarira uri mugomba rinerima, nemavanga manyoro asi wosarudza kurumbidza kwete kunyunyuta pakurwadziswa uku. Uku ndiko kugona kutaridzira chivimbo nekuvimba naMwari!

Pavakanamata nekurumbidza, denga rakadavira! Vhesi 26 inonyora kuti kudengenyeka kwenyika kwakaitika kukadengenyesa jeri rose, kukadambura ngetani dzose nekuzarura musiwo wose. Iri ndiro simba rekurumbidza! Mwari haasi muremekedzi wevanhu. Kana minamoto nerumbidzo zvikakwidza kunaMwari, panotobva paitika mhinduro ipapo ipapo kubva kuzvikamu zvekudenga kupindira. Ukasimudza inzwi rangu uchirumbidza, Mwari vanofamba pachinzvimbo chako.

Zvakaitwa naMwari pana Pauro na Sirasi, vanogona kuzviitawo kwauri kana kutarira kwako kwakamira paari badzi. Zvisinei nemamiriro ezvinhu ako anene jeri awakatarisana nawo, kusungirwa pfuma, urwere, kunonotswa, kana kudzorera kumashure, usarega kunamata! Usarega kurumbidza! Denga ririkuteerera uye kuyambuka kwako kwava pedo kudarika zvaaunofunga!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Minamoto yangu inokwira semweya unonhuhwirira pamberi paMwari samasimbaose! Kurumbidza kwangu kunonzwika mudenga, kudena kupindira kwekudenga masikati neusiku. Ndiri murumbidzi, uye kubudirira kwangu hakugone kumiswa, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

2 VaKorinde 11:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 34:25–38:9

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 19 (CHISHANU)

MUVENGI AKAKUNDWA

VaKorose 2:15 (AMP)

“Paakabvisa masimba navakuru (avo masimba asina kuoneka akaipa anomiririra mukurwisana nesu), akavaratidza pachena pakugununa kwake, avakunda mukati mechinjikwa.”

Zvinoshamisa zvikuru kunzwa vamwe vatendi vachiti varikurwisa dhiabhozi. Verenga magwaro zvakanaka, Satani akakundwa kare! Jesu akamutorera zvombo, akamutorera simba rose, akamunyadzisira pachanga. Akamuzungunusa, sekukanda chipapa mumugwagwa. Jesu akamuka, uye dhiabhorosi akadondedzwa!

Bhaibheri rinotaura zvine simba kuti wakagara naKristu kunzvimbo dzekudenga, kwete kurwa padivi naye. Hondo iyi yakatokundwa kudhara! Jesu haana kungokunda mvengi chete, aiwa, akatomuparadza arimunzvimbo make chaimo, mugehena chaimo. Satani haasi anotyisa, mukundwi! Ikozvino basa rako kusimbisa kukunda ikoko. Kukunda kwedu kune simba huru uye anokupa masimba muzita raJesu, kuita zimwe chete kuma dhimoni, madiki nemakuru acho.

Simba rako muna Kristu rinofanirwa kushandiswa pamamiriro ose ezvinhu asina kumira zvakanaka. Ramba kuregedza mvengi achikuzevezera nhema dzekuti utye, urware, kana ukundikane muupenyu hwako. Haude kuti urwe nemvengi akakundwa kare. Mudzinge abude! Mudzivise, anokutiza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotonga naKristu kubva munzvimbo yekukunda! Ndinotaura, kufamba, uye kuita zvinhu nesimba rekudenga. Hakuna dhiabhorosi, hakuna simba, hakuna mupikisi anomisidzana neni! Ndiri mukundi nokupfuurisa, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 8:38–39

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 38:10–40:49

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 20 (MUGOVERA)

REGA MWARI VATAURE

Jeremiya 1:9 (NKJV)

“Nokudaro, Ishe akatambanudza ruoko rwake, akarubata pamuromo wangu, Ishe akati kwandiri, ‘Tarira, ndaisa mashoko angu mumuromo mako.’”

Mumazuva akare, Mwari vaikurukura naAbhurahama, Mozisi, Joshua, Dhavhidhi, Isaya, Samueri nevamwe vakawanda. Ava vaiva varume, vane simba munyika yomweya, vakafamba naye, vaiterera nemoyo, kutevedza murairo yake uye vakaropafadzwa zvikuru. Vaisvitsa zvikumbiro zvavo kuna Mwari vobva vamirira ataure pamusoro pemhuri mabhizinesi, zveupenyu hwavo uye mabasa avo. Upenyu hwavo hwakava umbowo hwezvinoitika kana ukaita kuti inzwi raMwari rive iro rakakwirira kunzwa pane mamwe manzwi ose muupenyu hwako.

VaKristu vazhinji vanotaurira Mwari zvinhu asi havambonyarari kuterera zvaanotaura iye. Vanouya nezvichemo, zvikumbiro, uy zvavanoda pamberi pake, asi havambomire mbichana kunzwawo zvaanopindura iye. Munamato hausi wemunhumumwe chete anotaura, aewa, ndewe vanhu vaviri vanoita nhaurirano. Nhasi dzidzira kuterera Mwari, nekuti iye anoti, “huya zvino, ngatitaurirane” (isaya 1:18). Izvi zvinoreva anoda kutaura newe. Saka, wadzana naMwari nekumuterera mugore rino rekudambura ngetani!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Baba, Ndimi Mwari wangu na Ishe wangu, uye ndinomira ndakagadzirira kunzwa zvamunoraira. Ndinopira nzeve dzangu kuinzwi renyu! Taurai neni, nditungamirei, uye ndishandisei kuti rumbidze ipiwe kwamuri. Ndinonyaradza zvivhiringidzo zvose uye ndakabata kuma sai sai ekudenga. Ndiri kuteerera! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Ekisodho 7:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 41–43

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 21 (SVONDO)

WATI CHII?

Jakobho 3:2 (KJV)

“Pakugara tinogumbura pazvakawanda, asi kana munhu asingagumburi pashoko, ndiye munhu wakakwana, anokwanisa kudzora muviri wake wose.”

Vamwe vatendi vanogara vachishamisika kuti sei zvinhu zvisiri kufamba zvakanaka muhupenyu hwavo, kunyangwe vachishanda kwazvo mukereke. Kazhinji, zvinokonzerwa nemhando emashoko avo. Vanotaura vasina hanya, mashoko asina maturo, rurimi rwavo havasati varwupira kuna Mweya Mutsvene.

Kukura kwako pamweya semuKristu kunotarwa nemashoko ako. Nekanyaya kadiki kandingataura nemunhu ndinobva ndatoona kuti uyu arikukura pamweya kana kwete, zvose zvirimo mumashoko. Shoko raMwari rinokuraira kuti nzvera mashoko uye kugona kudzora rurimi rwako. Ibaso rako! Hazvina kukwana kungoti, “Mwari pingudzai rurimi rwangu.” Kwete, unofanirwa kupira rurimi rwako kwaari kuburikidza nekutevedzera mirairo yake pakushandisa mashoko. Usati wataura chinhu, tanga wafunga zvachingakonzerwa mumweya wako, utano, bhizimusi, mudiwa wako, uye vana vako.

Shingirira kunatsa pazvese zvaunoita, zvinotangira mumashoko. Uchashamisika kuti ingetani ngani dzachidambura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rurimi rwangu rwakaita sechinyoreso chiri mumaoko emunyori akagadzirira kunyora. Ndakasimbiswa nemashoko akakwana, ndinogadzira zuva rakanaka zuva ranhasi. Ndinotaura kubudirira, kuchengetedzwa, mufaro, uye kupupura kukuru, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Zvirevo 21:23; 1 Petro 3:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 44–47

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 22 (MUVHURO)

MUTAKURI WOKUBWINYA

VaKorose 1:27 (KJV)

“Kune vamwe, Mwari anoda kuratidza hupfumi iri kwavari... kunova Kristu mukati menyu, tariro yekubwinya.”

Tisati tauya kuna Kristu, bhaibheri rinotitsanangura sezvizvi mubhuku ravaroma 3 ndima 23, “tose takatadza tikasavika pakubwinya kwaMwari. “ Taiva pasi pechituko, icho chakativhurira kuna dhiyabhorosi. Asi manje zvinhu nekuti wakazvarwa patsva, wakapiwa kubwinya, zvichireva kuti wakaunzwa muupenyu hwakanakisa, hwepamusoro, hwekutarisa, hwekubudirira uye hwepfuma.

Mubindu re Eden, Adam aigara muuvepo waMwari. Huvepo ihwoho ndiko kwaitova kubwinya kwaMwari. Ikozvino wava nezvirinane, huvepo hwaMwari hauna kukukomberedza, uye hausi pauri asi hutori mauri: “Kristu mauri, tariro yekubwinya” Huvepo hwaMwari hairisiri inzwi rinofamba mukutonhorera kwezuva, huvepo hwake ndiwe ikozvino! Wakatakura kubwinya, Halleluja!

Neshoko iri, tarisa kubwinya kuri mauri, wotaridza kunaka uye kukwana kwababa vako vekudenga. Mwari havasi kurwara, saka hausi kurwara, Mwari Havana chavanoshaya, naizvozvo haufanirwe kushaya chinhu, haasi kushushikana saka haufanirwe kushushikana.

Uri mutakuri wekubwinya ngazvioneke muupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mutakuri wekubwinya kwaMwari. Kunaka, kusumukira, budiro, nepfuma, zvese ndezvangu kufara uye kubudirira kwangu kuchaoneka nevanhu vese, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Isaya 60:1–3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Ezekieri 48; Dhanieri 1:1–2:30

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 23 (CHIPIRI)

CHIVIMBISO

1 Johani 5:14 (KJV)

“...Kana tichikumbira chinhu chipi nokuda kwekuda kwake, anotinzw...”

Hazvishamisi here kuti unokwanisa kukumbira Baba zvose zvaunoda muzita raJesu, wogamuchira mhinduro? Ona zvinotaura Jesu muna (Johani 16:23): “Zvino pazuva iro hamungandibvunzi chinhu; chokwadi, chokwadi ndinoti kwamuri, zvose zvamunokumbira Baba muzita rangu, vachakupai.” Apa anoratidza vadzidzi chizaruko chitsva, nzira itsva yekukumbira nayo, kuvazivisa kuti kune zuva raizouya rekuti vachakumbira kuna baba mbune pazvose zvavanoda.

Iyi nhau yakanaka iyi, tiri kurarama muzuva iroro mambo Jesu ravakataura izvozvi! Zvaunofanirwa kungoita kuti Mwari vanzwe nekudavira munyengetero wako chete, kukumbira zvine simba muzita raJesu. Ndiko kukumbira zvinoenderana nechido chake, uye izvi zvinovimbisa kunzwika!

Baba vanodisisa chaizvo kunzwa nekudavira kudarika zvaungada kukumbira. Naizvozvo, iva nezvivindi kukumbira zvaunoda muzita raJesu. “Ukagara mandiri, uye mashoko angu mauri, uchakumbira zvaungada, uye zvichaitwa kwauri” (Johani 15:7) Wazviona? Chivimbiso icho!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mhinduro kumunyengetero wangu yakavimbiswa, uye hapana chichamira munzira mangu. Zvose zvandinotaura nhasi muzita raJesu, zvakasainiwa, zvakavharwa, ndikapiwa. Hareruya!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 Johani 5:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Dhanieri 2:31–4:27

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 24 (CHITATU)

DZIDZO YEGIRAZI

Jakobho 1:25 (KJV)

“Asi anotarira mumutemo wakakwana werusununguko, ndokuramba maari, asiri mukanganwi wekunzwa, asi muiti webasa, munhu iyeye achakomborerwa pazvaanoita.”

Shoko raMwari ndicho chionioni rake. Bhaibheri rinoti, ani nani munzwi weshoko asati ari muiti waro, akafanana nomunhu anoona chiso chake, chaakaberekwa nacho, muchionioni, otendeuka okanganwa pakarepo kuti akaita sei iye (Jakobho 1:23-24). Neimwe nzira, Mwari vanotarisisira kuti unzwe shoko ravo, woita zvarinoreva. Mubvunzo unoti, munhu unoita sei shoko raMwari?

Unoita shoko raMwari kuburikidza nekuzviona semaonerwe aunoitwa naMwari mushoko rake wobva wararama saizvozvo. Somuenzaniso, mushoko rake, rinova chionioni chaMwari, anoti wakaporeswa, ndiwo maonero aMwari uye mufananidzo wako kwaari. Chiona mufananidzo wakanaka iwowo uri muutano hwakanaka umusimbise. Rarama sekuti ndicho chokwadi, nekuti ndicho chokwadi. Kana shoko rikati upfumi ndehwako, simbisa shoko iroro wobva watanga kutorirarama nekutenda. Ramba kukutaura mutauro wekuchoboka. Ramba wakatarisa muchionioni chaMwari, ramba uchidzidza pamwe nekuteerera shoko raMwari. Paunoramba uchiita izvi, uchatanga kushanduka kuva nekubwinya mbichana mbichana sezvaunoona mushoko. Ichi ndicho chidzidzo chechionioni.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, chionioni chaMwari ndicho chandichatarisa zuva rega rega kwete mamiriro ezvinhu pandiri. Ndinobimbisa nekurarama zvinoreva chionioni cheshoko pandiri. Ndinokutenda! Ishe neshoko renyu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

2 VaKorinde 3:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Dhanieri 4:28–7:12

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 25 (CHINA)

KUVIMBIKA

Dhanieri 6:4 (KJV)

“...Vakatsvaka mhosva yaDhanieri pamusoro poumambo; asi havana kuwana mhosva kana kukanganisa, nekuti wakanga akatendeka, hakuwanikwi kukanganisa kwakaipa.”

Mwari anotsvaga varume nevakadzi vakavimbika kuti vatakure chinangwa nebasa rake pano panyika. Shoko raMwari rinotipa muenzaniso wa Dhanieri semunhu aiva akavimbika kuna Mwari nenzira yaidadisa uye yaikurudzira. Aiva akavimbika kwazvo uye akazvipira kuna Ishe, bhaibheri rinoti pange pasina kukanganisa kana mhosva paari. Ainge asina huori kana kushaya hanya. Ainge akatendeka pakuita kwake kwese. Ungazvitauro here izvi pamusoro pako?

SemuKristu, kusungirwa kwako, kuzvipira, nekutsungirira kunotanga kuna Mwari uye neshoko rake usati wabata zvimwe zvese. Kutambudzwa kungauya kwauri kubva kuma tivi ose, asi unofanirwa kumira wakasimba uye usingatyiwe pakuzvipira kuna Ishe. Dhanieri akakandwa mugomba reshumba nekuti akasarudza kuvimbika kuna Mwari, uye Mwari vakavhara miromo yeshumba, kuvimbika kwakaunza ruchengetedzo!

Vanhu vakavimbika vanosarudzwa kuita mabasa anokosha, naizvozvo, sarudza kuva mutariri akavimbika muimba yaMwari. Pakushandisa zvipo zvako nezvose zvaunogona, pfuma kana maropafadzo ako anobatika, sarudza kuva akavimbika! Zvinodambura ngetani!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura zvinesimba kuvimbika kwangu kwakakwana nekuzvipira kuna Mwari nhasi. Ndinotarudza kumushandira neupenyu hwangu zvisinei nematambudziko aripamberi, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 VaKorinde 4:2; VaKorose 1:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Dhanieri 7:13–11:13

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 26 (CHISHANU)

MUBATSIRI WAKO WOKUDENGA

Johani 14:16 (KJV)

“Ndichakumbira Baba, vachakupai mumwe Mubatsiri, agare nemi nokusingaperi.”

Unonzwisisa here kushamisa kwegwaro iri? Rega ndikutaridze. Tarisa shoko rakanzi, “munyaradzi”, rinova rakashandiswa kutsanangura Mweya Mutsvene. Ishoko kuchigiriki rinonzi, “parakletos”, zvichireva munyengetereri, munyaradzi, mubatsiri, murevereri. Zvitarisise izvozvi kuti mauri imomo munotogara munhu ane simba kudai, anova, pakati pezvizhinji, mubatsiri wako! Idzi ndidzo nhau dzakanaka madzikoma nehanzvadzi.

Mweya Mutsvene wakauya kuzokubetsera kurarama upenyu hwechiKristu hwepamusoro. Hapana chikonzero chekuti ukundikane chero chinhu muupenyu wagamuchira Mweya Mutsvene. Hauna mvumo yekukundikana nekuti Mweya Mutsvene mubatsiri wako! Anokubatsira nekukudzidzisa kunamata, anokudzidzisa shoko! Anokutaridza kuti ungararama sei usiri muchikwereti asi kurarama uri mukupfachukira, anokubatsira kuwana basa, anokupa simba nekukugonesa kubudirira mubhizimusi uye mumhuri yako. Kugona kwake kunova kugona kwako, uye simba rake rinova simba rako.

Muzive zuva nezuva semubatsiri wekudenga uye uzive kuti akauya kuti ubudirire muupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi ndinopa Mweya Mutsvene nzvimbo yepamusoro muupenyu hwangu. Ndichashamiswa nekubwinya kwaMwari kwepamusoro kuchaonekwa muupenyu hwangu. Zvakanakisisa, zvinoremekedzwa, zvinokudzwa, uye kugona, simba neuchenjeri zvichaoneka muupenyu hwangu kubvira izvezvi, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

VaRoma 8:26

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Dhanieri 11:14–12:13; Hosea 1–3

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 27 (MUGOVERA)

RUMBIDZAI ISHE!

Mapisarema 113:3 (KJV)

“Kubva pakumuka kwezuva kusvikira parinonyura, zita ralshe ngarinziidzwe.”

Rugwaro rwanhasi rwakajeka. Rumbidza Mwari mudikani. Murumbidze mangwanani. Murumbidze masikati. Murumbidze usiku. Kana usina kumborumbidza Ishe sezvatsanangurwa pamusoro apo, ibva watanga izvozvi. Ungada kupikisa kuti hupenyu hwako haukodzeri kurumbidza Mwari pauri, asika, ndicho chitori chikonzero chikuru chekumurumbidza zvakatonyanyisa! Gara wamurumbidza kuitira shanduko yava kuda kutoitika pamberi apo muupenyu hwako! Murumbidzire zita raJesu. Murumbidzire kusunungurwa. Murumbidzire nhau dzakanaka!

Unofanirwa kudaidzira mukupembera uri munzira kuinda kubasa, uye danidzira urimunzira kudzokera kumba!

Kana wakatora nzvimbo kuna dhiyabhorosi uye ari kuuya kuzoitira, haisi nguva yekugara pasi wochemba chema pamusoro pezvinhu zvisiri kufamba zvakanaka. Inguva yeekupinda mushoko wozviita kuti urangaridzwe nezvivimbiso zvaMwari. Apa ndipo paunoshanyira bhangi rako remunamato wombотора minamoto yawakachengetamo kare.

Zvipi nezvipi Dhiyabhorosi angayedza kuita, usadududza kumhanya kunovanda. Mira zvinesimba, taura shoko zvinesimba upe Ishe kudeedzera kwekurumbidza kunodambura ngetani! Kukunda ndekwako kare.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, hupenyu hwangu hupenyu hwerumbidzo! Munguva ipi zvayo, muromo wangu uzere nerumbidzo. Baba vangu ndiMambo wamadzimambo, akakodzera kurumbidzwa, ndakaropafadzwa kugona kuita izvozvo!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Zvakazarurwa 5:13; Isaya 45:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Hosea 4–9

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 28 (SVONDO)

HAKUSI KUNGOTAURA

1 VaKorinde 4:20 (NLT)

“Nokuti umambo hwaMwari hahusi kutaura kunokudzwa bedzi; asi hupenyu mukati mesimba raMwari.”

Shoko raMwari rine simba! Tarisa gwaro zvekare. MuApostora Pauro anotaura zvinesimba zvisina nyadzi kuti shoko raMwari hakusi kungotaura bedzi, isimba. Ndinofarira bhaibheri re new living translation, rinotumidza zita rekuti “kutaura kwekuzvitutumadza”. Zvanyanyisa kuti chiKristu chedu chamazuva ano chanyanya kutarisa mashoko anonakidza anoparidzwa, anoverengwa, uye emunamato. Mutauro wemangwanani esvondo unodhura. Kutaura kwese uku hakuna chirevo kana pasina simba riripamutemo raMwari kumashure.

Pauro haana kungotiunza kumazano makuru badzi ekunyengedzwa nemashoko, akatiunza kusimba raMwari riripo badzi kuburikidza nekutenda kuna Kristu. Paunotanga zuva rako, chokwadi ichi gachinyurire mukati mauri. Uri chitakuri chesimba chinofamba uye chinotaura. Zvese zvauchataura nesimba nemuromo wako kubva nhasi, haasi mashoko anongonakidza badzi, uchaona mhinduro ichitevera. Simba raMwari ririkufamba mutsinga dzako izvozvi, hakusi kungotaura badzi, zvitende uye chitotanga kuzvishanda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko oseandichataura kubvira izvezvi achateverwa nekutaridzira kwesimba zvakananyanya. Hndingotaure, pasina, ndiri muKristu anobereka humbowo muzita raJesu. Amen!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Jakobho 2:26

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Hosea 10–14; Joel 1:1–2:17

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 29 (MUVHURO)

NDINOTAURA PFUMA

Ruka 6:45 (KJV)

“Mumwe munhu wakanaka anobudisa zvinhu zvakanaka kubva mupfuma yakanaka yemwoyo wake; uye munhu akaipa anobudisa zvakaipa kubva mupfuma yakaipa, nokuti zvizere mwoyo wake ndozvobva mumuromo.”

Handikwanise kukuudza kuti kangani ndanzwa vamwe vatendi vachiti, “Ndinotaura asi hapana chinaitika.” Unoziva sei kuti hapana chinaitika?

Zvakafanana nemurimi anodyara mbeu yechibage nhasi, anobva adzichera mangwana kunotarisa kuona kuti pane zvachinja here. Mbeu hadzingoite neusiku humwe, asi kana dzadzvarwa munzvimbo yakanaka, dzopiwa nguva, dzodiridzirwa nekutariswawo zvakanaka, kazhinji dzinobukira zvakanaka. Mashoko akafanana naizvozvo chaizvo, imbeu zvakare. Madiridzire nekutenda uye masimbise neshoko raMwari.

Shoko raMwari mumuromo wako ndiMwari varikutura. Ramba kufunga kuti zvawataurahazvisi kushanda. Kristu ari mauri anokuita munhu akanaka anobudisa zvinhu zvakanaka. Usarega dhiyabhorosi achikunyepera, uchabudisa upfumi nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nemashoko angu, ndinotaura pfuma isingaenzaniswi. Hapana basa randisingagoni kuita, bhizinesi randisingakwanise, uye ngetani yandingasavhune. Ngakuve nepfuma muminda yese yehupenyu hwangu, nhasi, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Isaya 55:10–11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Joel 2:18–3:21; Amos 1–4

www.goodnewsdailydevotional.com



GUNYANA 30 (CHIPIRI)

TANGA KUTONGA!

VaRoma 8:37 (KJV)

“Kunyange pazvinhu zvose izvi tiri vanokunda, nokuda kwalye anotida.”

Hama dzangu, kukunda kwako pamusoro pemuvengi kwatogadzwa. Haugone kushandisa mazuva ako uine chiso chakasvava, uchirwadziwa, wakasuruwara, nokuti zvinhu hazvisi kufambia sezvaunoda. Ndimba iyi inotaura kuti “tiri vakundi nokupfuurira,” kwete nekuda kwekuti tinehondo yatarwa tikakunda kumwe, asi nekuda kwe zvakaitwa naJesu kuburikidza nekufa, kuwigwa, nokumuka.

Basa rako ikozvino, kuchengeta kukunda uku; kutonga nyika yako, simuka utange kutonga pamusoro pemamiriro ezvinhu. Une kutonga uye masimba, ekushandura zviitiko zvese panyika, uchishandisa zita raJesu. Une simba iri izvezvi! Zvinhu zvose zvakaitswa pasi petsoka dzako. Satani, kukundikana, kurwara, urombo uye rufu, zvose zviri pasi petsoka dzako. Wakagara kurudyi rwaMwari munaKristu Jesu, zvinoreva kuti uri panzvimbo yeutongi hwedenga uye masimba. Ko, chii chinonzi “zuva rakashata” kwauri, mwana waMwari? Kuchairwa nhare yakashata? Musanganano wakashata? Hazvireve chinhu mumeso ako! Wakakunda nekupfurikidza zvose zvakaipa kare kare kuburikidza naKristu. Ikozvino chizvirarama!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi ndinokwira pamusoro pechero change chakandibata. Ndiri mukundi nekupfuurira, izvi zvinondiita asingabatike, asingakundike uye asingaurayike muzita raJesu. Hareruya!

ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

1 Johani 5:4–5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

(Verenga) Amos 5–9; Obadiya 1:1–9

www.goodnewsdailydevotional.com

GWARO RAKO REUPOROFITA REZUVA NEZUVA

GoodNews Daily yava kuwanikwa mumhando dzakagadzirirwa vechidiki nevana, pamwe chete nendima yekutanga, ichikupa shoko reuporofita rezuva nezuva rinobva mumoyo weMuporofita Uebert Angel. Mabhuku aya ekunamata akagadzirirwa kuunza Shoko raMwari kuhupenyu hwemhuri yese. Bhuku revana rinopa kutenda, rudo, uye zvivimbiso zvaMwari nenzira inonakidza nekukurudzira, bhuku revechidiki richipa njere dzakadzama dzekuvatungamira muhupenyu nekuchenjera kwemweya nesimbiso. Zuva nezuva, gamuchira nhungamiro yeuporofita inokodzera kufamba kwako naMwari, zvisinei nezera rako! Usarasikirwe nemukana uyu, tora bhuku iri mahara nhasi.



SCAN ME

NAMUPOROFITA UEBERT ANGEL

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



CHIRATIDZO CHEPASIRESE, CHINODA BHADHETI REPASIRESE

Iva Mukwikwidzi wenhau dzakanaka

Kuburikidza nekubatana kwenyu kwakanaka uye mari, tinokwanisa kugovera nhau dzakanaka zuva ne zuva kumativi ese enyika uye kutaurira vanhu vasingazivikanwe nezvekufukidzwa kweshuwa kuna Mwari kunodzidziswa naMuporofita Uebert Angel. Tinokwanisa kushandura, kudhinda, uye kugovera Nhau dzakanaka zuva ne zuva kuburikidza neMission Trips, GoodNews On-The-Go Campaign uye chirongwa cheAdopt a Nation/Language kubatsira kuwedzera kuparadzira kwevhangeri. Iva mukwikwidzi uye ane mufaro muchiratidzo ichi chipi uye ubatanidze meseji yaMwari kumarudzi pasi rose kuburikidza neNhau dzakanaka

NeMuporofita Uebert Angel

PARTNER AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

ISHE WEDU JESU KRISTU

Ishe wedu Jesu Kristu ndiye nheyo yekutenda kwechiKristu, hupenyu hwake nedzidziso zvave nesimba guru munhorondo.

Ishe wedu Jesu Kristu anozivikanwa netsitsi dzake dzisingaenzanisi, huchenjeri, nezviito zvinoshamisira zvaakaita. Shoko rake rakatarisana nerudo, kukanganwira, uye vimbiso yehupenyu husingaperi, kupa tariro neruponeso kune vese vanotenda maAri. Muhushumirihwake hwese, akafamba nyenya dzeJudhiya, achiporesa vairwara, achinyaradza vanotambudzika, uye achidzidzisa nezveumambo husingaperi hwaMwari.

Kugamuchira Jesu Kristu salshe neMuponesi wako pachako zvinoreva kugamuchira dzidziso dzake nekukoka kuvapo kwake kunoshandura muhupenyu hwako. Irwendo rwekuzadzisa mumweya, rwakadzika midzi mukutenda, rudo, uye vimbiso yeruponeso.

Kubudikidza nalshe wedu Jesu Kristu, tinowana simba, tariro, nenzi inoenda kurugare rusingaperi. Kuporeswa, kana kuponeswa, kuzviisa pasi paMwari, chironzwa chake, nechinangwa chehupenyu hwedu. Kuzvitendeutsa kubva munzira dzedu dzekare nekutendeuka kuna Jesu Kristu, kumukumbira kuti akanganwire zvivi zvedu nekukupa hupenyu hutsva maAri.

VaRoma 10:9 inoti:

"Kana ukareurura nemuromo wako kuti Jesu ndiIshe, ukatenda mumoyo mako kuti Mwari wakamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa."

Ruponeso chipo chaMwari chemahara kwatiri uye tinova vana vake. Inyasha dzisingashanduki kuve mumhuri yaMwari uye unosimbiswa kurarama hupenyu hwese zvizere nechinangwa chekuratidza Mwari kuzvisikwa zvese zverino pasi.

WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWAHO HERE?

**TINOKUKOKA KUTI UITEJESU KRISTU TENZI
NEMUPONEI WEHUPENYU HWAHO
KUBURIKIDZANEKUNAMATA UCHITI**

**ISHEWANGU NAMWARI WANGU NDINOYA
KWAMURI NEZITAJESU KRISTU. NDINOTENDA
NEMWOYO WANGU WESE KUTIJESU KRISTU
MWANAKOMANA WAMWARI VAPENYU. INDINO-
TENDA KUTI VAKANDIFIRA UYEKUTI VAKAMUTSWA
KUBVA KUVAKAFA NAMWARI. NDINOTENDA KUTI
NANHASI VAPENYU. NDINOPUPURA NEMUROMO
WANGU KUTIKUBVIRA NHASI JESU KRISTU NDI-
YEAVE TENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWANGU.
KUBURIKIDZANAYE UYENEZITA RAKE NDAVENEHU-
PENYU HUSINGAPERERE; NDAZVARWA PATSWA.
NDOKUTENDAI I SHE WANGU KUTIMAPONESA
MWEYA WANGU. NDAVE MWANA WAMWARI**

**MAKOROKOTO!
WAVEMWANA WAMWARI.HARERUYA!**

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

**UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209**

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

MAGWARO NDIMA YEKUDZIVIRIRA

ISAYA 54:

14 NDICHASIMBISWA MUKURURAMA NDI-
CHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA HANDIN-
GATYI UYE NDIRIKURE NEZVINOTYISA

15 PAKAITA ANONDIRWISA, HANDITOMBO-
FUNGA KUTI VATUMWA NAMWARI, UYE
KANA VAKANDIRWISA NDINOKUNDA

16 MWARI AKASIKA MUPFUURI ANOPFUTID-
ZA MAZIMBE MUMOTO NOKUITA NHUMBI
YEBASA RAKE NDIYE AKASIKA MUPARADZI
KUTI APARADZE

17 HAKUNA NHUMBI YOKURWA INOPFUR-
WA KUZORWA NENI, ANONDIPAOMERA
MHOSVA ACHANZI MUNYEPI. NDIRIMU-
RANDA WAMWARI UYE MWARI VANOITA
KUTI ZVINHU ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

**NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI UYE
HAZVIKONDI NEZITA RAJESU!**

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH

Gwaro reGoodNews Daily

Tora Gwaro
Rako Nhasi!



Kutsvaga Shoko raMwari: kuvhura hupfumi hwemweya kuburikidza neGwaro reGoodNews Daily Compendium. Mukutsvaga hupenyu hwakadzama naKristu, ndiko kuzvipira kusina kuzunguzika kuShoko raMwari uye kunogadzira dzinde rakasimba. Gwaro reGoodNews Daily Compendium, Chikamu 1, rinopa chishandiso chisingaenzanisiwi pakufamba uku, chakarongeka zvakanaka kuisa muzvikamu zvine musoro kuti zvive nyore kudzidza uye kunzwisisa.

NaMuporofita Uebert Angel

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



BHADHARIRA MITAURO

Bhadharira mutauro nhasi kuburikidza nechirongwa chedu chekubatsira. Batanidzwa parwendo urwu runoshamisira nekugovera nhau dzakanaka zuva ne zuva kuitira kuti tibaye mwoyo yemamiriyoni evanhu pasi rose. Tese pamwe chete tinogona kuparadzira meseji yenhau dzakanaka yerudo rwaMwari kuguta rega rega, mumugwagwa uye mumba mumitauro yakawanda pasi rose.

Mwedzi wega wega, shamwari dzedu dzakazvipira dzinopa mahara mabhuku enhau dzakanaka zuva ne zuva kune vanhu vari muzhizha, matirongo, mahosipitari, dzimba dzevakwegura, zvikoro, uye mamwe masangano pasi rose. Takatambira zviyeuchidzo zvekuponeswa, kuporeswa, kupa kwemweya, nezvimwe zvimwe zvakanaka nekuda kwechirongwa ichi. Iva chikamu chekubatsira mune zvirongwa izvi zvinoshamisira nekupa mumwe mukana wekutanga hutsva uye tariro itsva yemangwana.

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

INOWANIKWA MUMITAURU YAKAWANDA

MAUYA KUHUBU YEDU PAMUTSVENEPEJI

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL

SHANYIRAI WEBHUSAITI YEDU

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL



Ziva kuruziro yezuva nezuva uye kukura pamweya nekushanyira webhusaiti Nhau Dzakanaka Zuva ne Zuva. Nyura muShoko rechiporofita remazuva ako uye zvimwe zve-mukati zvinokwanisa kushandura hupenyu hwako. Usapotsa mukana wekusimudzira ku-tenda kwako uye kuwana mufaro muShoko raMwari. Shanyira webhusaiti yeNhau Dzakanaka zuva ne zuva nhasi!


For more information visit: www.goodnewsdailydevotional.com

You can also send an email to: gnd@goodnewsdailydevotional.com


Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**

ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209

MAZUVA OSE



Batanidzwa nenharaunda yedu yevaoni vepasi rose vanotanga mazuva avo nenhau dzakanaka zuva ne zuva. Inzwa nhau dzakanaka paSpotify uye kuti ive shamwari yako munzira yekukura mumweya uye chokwadi chebhahibheri pasi pekudzidzisa kwaMuporofita Uebert Angel.



MAZUVA OSE



Tinokuratidza zviyeuchidzo zveupenyu chaihwo pamusoro pekuburikidza kwe Nhau dzakanaka zuva ne zuva pasi rose kuburikidza nepeji redu reYouTube. Sechimwe chinyorwa chemazuva ose, chashandura hupenyu hwevanhu vazhinji, uchiparadzira meseji yerudo, tariro, uye kutenda. Kuburikidza nedzidziso dzine simba dzaMuporofita Uebert Angel, Nhau dzakanaka zuva ne zuva rave chishandiso chesimba rekushandura hupenyu, richishandura vanhu, mhuri, nevana kuti vararambe upenyu hune chinangwa nekugutsikana.

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL



SUBSCRIBE NOW

 @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

TheGoodNewsWorld Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

ZW: +263 773 195 955

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com